**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ HÁM ORTA ARNAWLÍ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**ÁJINIYAZ ATÍNDAĞÍ NÓKIS MÁMLEKETLIK PEDAGOGIKALÍQ INSTITUTÍ**

Mektepke shekemgi tálim fakul`teti

Mektepke shekemgi  tálim kafedrası

Mektepke shekemgi tálim  tálim bağdarınıń
3 kurs talabası

**Isnaddinova Ayzada Murat qızı**

# Pitkeriw qánigelik jumısı

**Tema: Didaktikalıq oyınlar arqalı balalardıń biliw iskerligin rawajlandırıw**

Talaba: A.Isnaddinova

Ilimiy basshı: p.i.k. R.Alewova

Kafedra baslığı: dots. G.Jumasheva

Kafedra majilisiniń 2021jıl __ _____ sánesindegi
№___protokolı menen qorǵawǵa ruxsat berildi

Nókis - 2021

**Mazmunı**

Kirisiw. . . .. . . .. . . .. . .. . .. . .… . .. . .. . .… . .. . .. . … . .. . .. . .. . .. . .. . .. . .. . .. . .. . .. .. . .. . .. . …..3-7

**I BAP. DIDAKTIKALIQ OYINLAR ARQALI BALALARDIŃ BILIW ISKERLIGIN RAWAJLANDIRIWDIŃ TEORIYALIQ TIYKARLARI**

1.1. Balalardıń biliw iskerligin rawajlandırıwdıń áhmiyeti .. . .. ......................8-19

1.2. Balalardıń biliw iskerligin rawajlandırıwda didaktikalıq oyınlardıń tutqan ornı…………………………………………………………………………20-35

Birinshi bap boyınsha juumaqlaw .. .. . .. . .. . .. . .. . .. .. .. . .. . .. . .. . .. . .. . .. . .. . …......36

**II BAP. BALALARDIŃ BİLİW İSKERLİGİN RAWAJLANDIRIWDA DIDAKTIKALIQ OYINLARDAN PAYDALANIWDIŃ ShARAYaTLARI**

2.1.Balalardıń oyınına pedagogikalıq basshılıq etiw .. . ...............................37-48

2.2.Balalardiń biliw iskerligin rawajlandiriwda didaktikaliq oyinlardi ótkeriw ózgeshelikleri ......................................................................................49-52

Ekinshi bap boyınsha juwmaqlaw .. . .. . .. . .. . .. . .. .. .. . .. . .. . .. . .. . .. . .. . .. . ……. 53

Juwmaqlaw. . .. . .. . … . .. . . . . . . .. . .. . .. . .. . . . . . .. . . . .. . . . . . . . . . .. . . . . . . . .. . . . …..54-55

Paydalanılǵan ádebiyatlar dizimi. . .. . .. . .. . .. . .. . .. . .. . . . . . . . . . . .. . .. . ……. 56-57

# Kirisiw

**İzertlewdiń aktuallıǵı:** Ózbekistan Respublikası ǵárezsizlikke eriskenen soń jámiyetlik-ekonomikalıq rawajlanıwdıń ózine say modelin tańladı. Jámiyetlik-ekonomikalıq, ruwhıy-aǵartıwshılıq tarawlardaǵı ózgerisler qatarında tálim – tárbiya mazmunın jańalaw, onı hár dayım jetilistirip barıw zárurligi payda boldı. Bunday jańalanıw Ózbekstan Respublikasınıń «Bilimlendiriw haqqında»ǵı Nızamı, «Kadrlar tayarlaw milliy dástúri» tiykarında ámelge asırılmaqta.

2020 jıl 23 sentyabr`de qabıl etilgen «Bilimlendiriw haqqında»ǵı nızamda «mektepke shekemgi tálim hám tárbiya balalardı oqıtıw hám tárbiyalawǵa, olardı intellektual, ruwhıy-ádep-ikramlı, etikalıq, estetikalıq hám fizikalıq tárepten rawajlandırıwǵa, sonday-aq balalardı ulıwma orta tálimge tayarlawǵa qaratılǵan tálim túri» dep belgilengen[1].

"Milletti millet etetuǵın jaslar. Perzentlerimiz bizlerden de kúshli, bilimli, dana hám álbette, baxıtlı boliwları kerek"- deb aytıp ótken edi birinshi Prezidentimiz I.A.Karimov[2]. Sebebi, ta'lim sisteması aldında turǵan zárur wazıypalardan biri jáhan tariyxı hám mádeniyati aldıńǵı jetiskenliklerin toliq iyelegen jańa áwladtı tárbiyalawdan ibarat.

Xalqımız ázelden o'z perzentlerin hár tárepleme tárbiyalawda xalıq pedagogikasınan keń paydalanǵan. Ullı ata-babalarimiz At-Termiziy, Imom Ismoil al-Buxoriy, Abu Nasr Forobiy, Abu Rayhon Beruniy, Mahmud Qoshg'ariy, Yusuf Xos Hojib, Ahmad Yugnakiy, Amir Temur, Alisher Navoiy, Abdurahmon Jomiy, Sa'diy She'roziy, Jaloliddin Davoniy, Abdulla Avloniylar hám t.b. óz shıǵarmalarında aqılıy hám ádep-ikramlılıq tárbiya máselelerin keń ashıp bergen.

Birinshi Prezident İ.Karimov, «Jaslarımızdı hár tárepleme salamat hám kámil etip tárbiyalaw, turmıs máńgiligi, áwladlar dawamlıǵın támiyinleytuǵın

[1] «Таълим тўғрисида»ги Ўзбекистон Республикаси Қонуни.-Т.2020 й. 23 сентябрь ЎРК-637.- 4 б.
[2] Karimov I.A. Bunyodkorlik yo'lidan. – T.: O'zbekiston, 1996. – 350 b

ruwhıy qorǵanı bolǵan shańaraqtı bekkemlew búgingi kúnde barlıǵımızdıń tiykarǵı wazıypamız emes, al insanıylıq parızımızǵa aylanıwın tileymen», dep aytqan edi.[3]

Al, hár tárepleme rawajlanǵan kámil insanlardı tárbiyalaw bolsa, úzliksiz tálim sistemasınıń birinshi basqıshı – mektepke shekemgi tálimnen baslanadı. Mektepke shekemgi tálimniń maqseti, balanı mámleket talaplarına muwapıq salamat hám jetik insan sıpatında  mektepke oqıwǵa tayarlawdan ibarat. Balalardıń hár tárepleme rawajlanǵan, salamat hám jetik bolıwı mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerinde durıs shólkemlestirilgen tálim-tárbiya menen tikkeley  baylanıslı.

Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerinde tálim-tárbiyanı – pedagog, psixolog, tárbiyashı ámelge asıradı, ol tálim-tárbiya protsessinde oraylıq orındı iyeleydi. Sonıń ushın, hár bir tárbiyashı – pedagog mektepke shekemgi tálim shólkeminde tálim – tárbiya jumısların durıs shólkemlestiriw ushın óz kásibin tereń iyelep, házirgi zaman talapların tolıq ámelge asıratuǵın, metodikalıq wazıypalardı tolıq meńgerip, pedagogikalıq, psixologiyalıq tayarlıqqa iye bolıwı tiyis.

Pedagog ilimpazlarımızdıń pikirinshe, «Tárbiyashı bolıw ushın-tárbiyashınıń ózi tárbiyalanǵan bolıwı tiyis» degen pikir hámmege tanıs qaǵıyda bolıp, ol hár bir tárbiyashı ushın zárurli qaǵıyda bolıp esaplanadı.

Sonlıqtan, balalardıń hár tárepleme rawajlanıwın támiyinlewge qaratılǵan pedagogikalıq protsess eń áhmiyetli bolıp, tárbiya wazıypaların, tálim – tárbiya jumısların shólkemlestiriw balalar is – háreketleriniń hár qıylı túrlerin shınıǵıwlar arqalı tálim-tárbiya beriw, balalardıń erkin is-háreketlerin rawajlandırıw, olardıń óz miyneti hám úlkenler miyneti menen tanıstırıw arqalı ámelge asırıladı.

Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerinde tálim-tárbiya jumısların nátiyjeli ámelge asırıw ol jerdegi pedagogikalıq protsessti durıs shólkemlestiriwge baylanıslı boladı.

Demek, mektepke shekemgi jastaǵı  balalardı tárbiyalawda aqılıy tárbiyanıń ornı ayrıqsha.

---

[3] İ.A.Karimov “Yuksak ma`naviyat- engilmas kuch” ., “Ma`naviyat ” nashriyoti Toshkent 2008 y.-56b.

Aqiliy tárbiya balalardiń sanasin olardi qorshap turǵan buyimlar haqqindaǵi, buyimlardiń belgi hám ózgeshelikleri, tábiyat hám jámiyetlik qublislar háqqindaǵi eń ápiwayi bilimler menen bayitiw bolip tabiladi. Balalardi aynala-átiraptaǵi ortaliq penen tanistiriw aqiliy tárbiyaniń tiykarin shólkemlestiredi.

Bala hár dayim buyimlar hám qublislar arasinda boladi, hár dayim bir nárse menen tanisadi, bilip aladi, uslap kóredi, iyiskeleydi, bir nárselerge qulaq salip, bala duńyani bilip baradi. Ulkenler balani erte jasinan baslap aqiliy tárepten duris tárbiyalaw maqsetinde buyimlardi kóbirek analizatorlar járdeminde qabil etiwge imkaniyat tuwdiriwlari, balaniń sensor mádeniyatina ayriqsha itibar beriwler kerek.

Mektepke shekemgi tárbiya jasindaǵi balalarǵa aqiliy tárbiya beriwdi duris shólkemlestiriw ushin olardiń aqiliy rawajlaniw nizamliliqlari hám imkaniyatlarin biliw kerek. Aqiliy tárbiyaniń waziypasi oniń mazmuni, metodi hám shólkemlestiriliwine qarap belgilenedi. Keyingi jillarda alip barilǵan psixologiyaliq-pedagogikaliq izertlewlerdiń nátiyjeleri mektepke shekemgi tárbiya jasi dáwirinde balalrdiń aqiliy rawajlaniwinda júdá ulken imkaniyatlar bar ekenligin kórsetti. Bulardiń hámmesi mektepke shekemgi tárbiya jasindaǵi balalarǵa beriletuǵin bilim, uqip hám kónlikpeler mazmunin jánede tereńlestiriw, kólemin keńeytiriw maqsetine muwapiq ekenligin kórsetti.

Balalardı aqılıy tárbiyalawda didaktikalıq oyınlardıń ornı ayrıqsha bolıp tabıladı. Didaktikalıq oyınlar arqalı balalarǵa jańa bilimler, túsinikler berip barıladı. Bul oyınlarda balanıń hár tárepleme rawajlanıwı, bilim protsesi, sensor mádeniyatı, sóylewi, aqılıy qábiletleri jetilisedi. Oyın qaǵıydasına boyısınıw, oǵan ámel etiw oyın mazmunın bayıtadı.

Didaktikalıq oyınlardıń áhmiyeti haqqında Ózbekstan alımlarınan S.Rajabov, U.Nishonaliev, N.Saidahmedov, E.Seitxalilov, R.Safarova, O.Roziqov, B.Adizov, X.Bo’ydanov, T.X.Hasanov, J.Xasanboevlar mashqalaǵa baylanıslı máseleler boyınsha izertlew jumısların alıp barǵan.

Psixolog alımlarımızdan M.G.Davletshin, E.Goziev, B.Qodirov, V.M.Karimova hám basqalar mashqalanıń psixologiyalıq tárepleri haqqında pikir bildirgen. Sonıń menen bir qatarda balalardıń tálim protsesinde didaktikalıq

oyınlardan paydalanıw nátiyjeliligin asırıw shártleriniń anıqlanbaǵanlıǵı bul boyınsha arnawlı izertlew ótkeriw lazımlıǵın kórsetedi.

Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleri tárbiyalanıwshılardıń biliw iskerliginde didaktikalıq oyınlardan paydalanıw, aqılıy miynet iskerliklerinde olardıń ózine say ózgesheliklerin esapqa alıw zárur áhmiyetke iye.

**İzertlewdiń maqseti**: Didaktikalıq oyınlar arqalı balalardıń biliw iskerligin rawajlandırıw ózgesheliklerin úyreniw.

**İzertlewdiń predmeti**: Didaktikalıq oyınlar arqalı balalardıń biliw iskerligin rawajlandırıw ózgesheliklerin úyreniw protsesi.

**Izertlew ob`ekti:** mektepke shekemgi jastaǵı balalar

**Izertlew waziypalari**:

-İzertlewge baylanıslı ádebiyatlardı úyreniw hám analiz etiw;

-Balalardıń biliw iskerligin rawajlandırıwdıń áhmiyetin úyreniw;

-Balalardıń biliw iskerligin rawajlandırıwda didaktikalıq oyınlardıń tuqan ornın anıqlaw;

- Balalardıń oyınına pedagogikalıq basshılıq etiwdi úyreniw;

-Balalardiń biliw iskerligin rawajlandiriwda didaktikaliq oyinlardi ótkeriw ózgesheliklerin aniqlaw.

**Izertlewdiń metodologiyaliq tiykari:** Ózbekstan Respublikasiniń Konstitutsiyasi, Ózbekstan Respublikasi Prezidentiniń shiǵarmalari, Ózbekstan Respublikasi «Bilimlendiriw haqqinda»ǵi Nizam, «Kadrlar tayarlaw milliy dasturi», mektepke shekemgi tálimge tiyisli normativ hujjetler, izertlewǵe say ilimiy-pedagogikaliq, metodikaliq, tariyxiy, filosofiyaliq derekler.

**Izertlew metodlari.** Gurrińlesiw, pedagogikaliq analiz, baqlaw, ádebiyatlardi analizlew, salistirw.

**İzertlewdiwdiń jańaliǵi.**

-İzertlewge baylanıslı ádebiyatlardı úyreniw hám analiz etildi;

-Balalardıń biliw iskerligin rawajlandırıwdıń áhmiyetin úyrenildi;

-Balalardıń biliw iskerligin rawajlandırıwda didaktikalıq oyınlardıń tuqan ornın anıqlandi;

- Balalardıń oyınına pedagogikalıq basshılıq etiwdi úyrenildi;

-Balalardiń biliw iskerligin rawajlandiriwda didaktikaliq oyinlardi ótkeriw ózgesheliklerin aniqlandi.

**İzertlew jumısınıń duzilisi.** Kirisiw, eki bap, 4 paragraf, juwmaqlaw, paydalanilǵan ádebiyatlar diziminen ibarat.

# I BAP. DIDAKTIKALIQ OYINLAR ARQALI BALALARDIŃ BILIW ISKERLIGIN RAWAJLANDIRIWDIŃ TEORIYALIQ TIYKARLARI

## 1.1. Balalardıń biliw iskerligin rawajlandırıwdıń áhmiyeti

Aqiliy iskerlik hár dayim diqqattiń belgili maqsetke qaratilǵan boliwin talap etedi. Insanlardiń aqili oniń tiykarǵi iskerliginde erisilgen jetiskenligi ózgesheligi menen belgilenedi.

Mektepek shekemgi tárbiya jasindaǵi balalardi aqiliy tárbiyalaw balalardiń aktiv pikirlew iskerligin rawajlandiriwǵa ulkenlerdiń belgili maqset penen tásir etiwi. Ol balalarǵa aynala-átiraptaǵi álem haqqinda bilimler beriwdi, olardi sistemalastiriwdi, balalarda biliwge qiziǵiwshiliq oyatiwdi, aqiliy uqip hám kónlikpelerdi payda etiwdi, biliw qábiletlerin rawajlandiriwdi óz ishine aladi.

Aqılıy rawajlanıw degende turmıslıq tásir etiw hám aqıbetleriniń barlıq muǵdar imkaniyatları nátiyjesinde kelip shıqkan aqıl kúshi hámde pikirlewdiń rawajlanıw protsesin túsiniw múmkin[4].

Balalardi mektepke tayarlawda aqiliy tárbiyaniń roli ásirese ulken. Bilimler negizin iyelew, aqiliy aktivlikti hám óz betinshelikti rawajlandiriw, aqiliy uqip hám kónlikpelerdi payda etiw mektepte jetiskenlikli oqiw hám keleshek miyneti iskerligine tayarlaniwdiń zarur shártlerinen biri.

Balalardiń alti jastan baslap mektepte oqiwǵa ótiwi múnásiybeti menen olardi mektep tálimine tayarlaw ushin aqiliy rawajlaniwdi jeterli dárejede boliwin támiyinlew tárbiyashilardiń juwapkershiligin jánede asiradi. Aqiliy kámillik – bul jastiń ósip, tájiriybeniń bayip `bariwi múnásiybeti menen tárbiyaliq isler tásirinde balaniń aqiliy iskerliginde júz beretuǵin san hám sipat ózgerisleriniń jiyindisi[5]. Mektepke shekemgi tárbiya jasinda bilim tez pát penen bayip baradi, til qáliplesedi, biliw protsessleri jetilisedi, bala eń ápiwayi aqiliy iskerlik usillarin iyelep aladi. Mektepke shekemgi tárbiya jasindaǵi balalardiń aqiliy rawajlaniwin

[4] Sh.Sodiqova. Maktabgacha pedagogika. Toshkent, «Fan va texnologiya» - 2012. - 74bet

[5] Sh.Sodiqova. Maktabgacha pedagogika. Toshkent, «Fan va texnologiya» - 2012. - 74bet

támiyinlew olardiń keleshektegi bir putin iskerligi ushin ulken áhmiyetke iye boladi.

Bala jámiyetlik ortaliń tásirinde aqiliy tárepten rawajlanip baradi. Aynala-átiraptaǵi insanlar menen qarim-qatnasta boliw protsessinde ol tildi hám sol menen birge payda bolǵan tusinikler sistemasin ózlestiredi. Nátiyjede mektepke shekemgi tárbiya jasindayaq bala tildi sonshelli iyelep aladi, onan qarim-qatnas qurali sipatinda erkin paydalana alatuǵin bolip qaladi.

Mektepke shekemgi tárbiya jasindaǵi balalardiń aqiliy rawajlaniwi iskerlik protsessinde, dáslep qarim-qatnasiqta boliw, zatlar menen orinlanatuǵin iskerlik nátiyjesinde, keyin bolsa oqiw, miynet, nátiyjeli iskerlikler protsessinde ámelge asirilip bariladi. Balaniń aqiliy rawajlaniwina tálim hám tárbiya nátiyjelirek tásir etedi. Házirgi zaman pedagogika páni bilimler sistemasin ózlestirip aliw, dóretiwshilik oylawdi rawajlandiriw hámde jańa bilimler payda etiw ushin zarur bolǵan biliw iskerligi usillarin iyelep aliwdi aqiliy rawajlaniwdiń tiykarǵi kórsetkishleri dep esaplaydi.

Mektepke shekemgi tárbiya jasindaǵi balalarǵa aqiliy tárbiya beriwdi duris shólkemlestiriw ushin olardiń aqiliy rawajlaniw nizamliliqlarin hám imkaniyatlarin biliw kerek. Aqiliy tárbiyaniń waziypasi oniń mazmuni, metodi hám shólkemlestiriliwine qarap belgilenedi. Pedagogika hám psixologiya páni aqiliy tárbiya beriw waziypalarin nátiyjeli sheshiw jollarin tabiw ushin mektepke shekemgi tárbiya jasindaǵi balalardiń aqiliy rawajlaniw nizamliliqlari hám imkaniyatlarin uyreniw menen shuǵillanadi.

Házirgi zaman psixologiyasiniń erisken nátiyjeleri sonni kórsetedi, balaniń oylawi kórgizbeli-háreketli, kórgizbeli-obrazli hám sózli-logikaliq joli menen qáliplestiriw kerek. Balalardi dáslep kóre alatuǵin, seze alatuǵin buyimlar menen tanistiri, keyin oylaw formalarina ótiw mumkin boladi.

Balada til payda boliwdan bir qansha aldin ol aynala-átiraptaǵi adamlar hám buyimlar duńyasin ulkenler járdeminde bilip aladi.

Ana tilindegi sózlerdi iyelew hám sóz mánilerin áste-áqirin tusinip bariw mektepke shekemgi tárbiya jasindaǵi balalardiń aqiliy tárepten rawajlaniwinda ulken rol` oynaydi.

Ulli rus fiziologi I.M.Sechenev minanday degen jazǵan edi «Bala sóylewdi uyrenip algannan keyin onda aynala-átiraptaǵi zatlarǵa qiziǵiw hám olardi biliwge umtiliw asip baradi, bul awhal balaniń anasina» nege stol jurmeydi, quyash bolsa ayaqsiz juredi, keshte ol qayjerge jasirinadi, ne ushin shamal esedi? - siyaqli sorawlar beriwge sebep boladi[6]».

Bala ush jasqa tolǵanda ondaǵi sóz zapasi 1200-1300 ge jetedi. Bala ulkenler ne haqqinda aytip atirǵanlarin jaqsi tusinedi. Bul ulkenlerdiń tilinen hár tárepleme tárbiyalawdiń kushli qurali tárizinde paydalaniw imkaniyatin beredi. Bala átiraptaǵilardiń tilin qanshelli jaqsi tusinse, tárbiyashiniń sózi balalar menen alip barilatuǵin islerde sonshelli kóp orin iyeleydi.

Eki signal sistemasi, yaǵniy seziw qabil etiw menen sózdiń óz-ara baylanista boliwi aqiliy rawajlaniwdiń tiykarin shólkemlestiredi.

Ulkenler tilin tusiniw balalar bilim sheńberiniń keńeyiwine imkaniyat beredi, eń ápiwayi baylanis hám qatnaslardi túsiniwlerine hámde 6-7 jaslarǵa kelip geybir túsiniklerdi iyelep aliwǵa járdem beredi.

Dáslep balada tek ǵana iqtiyarsiz diqqat rawajlanadi. Keyin hár dayim shólkemlestirilip, ámelge asirilǵan tálim-tárbiya jumislari nátiyjesinde iqtiyarli diqqat payda bolip baradi.

Bala ulkenlerdiń tapsirmasin, uyde hám mektepke shekemgi tálim mekemesinde óz-ózine xizmet kórsetiwge say geybir jumislardi tártip penen orinlaw nátiyjesinde endi ol ózin onshelli qiziqtirmaytuǵin, biraq tapsirmani yamasa balalar jámáátiniń talaplarin orinlaw ushin zarur bolǵan jumislardi hám orinlawǵa ádetlenip baradi.

6-7 jaslarǵa kelip, balalarda óz diqqatin óz betinshe topla uqipliliqlari payda boladi, biraq olar diqqatti uzaq waqit bir jerge qarata almaydi. Soniń ushin

[6] P.Yusupova. Maktabgacha tarbiya pedagogikasi. Toshkent «O\qituvchi»- 1993.-58 bet

balalardiń shiniǵiw, oyin, dem aliw, awqatlaniw hám uyqilaw waqitlarin duris bólistiriw zarur.

Balalardiń aqiliy tárepten ósiwinde este saqlaw ulken áhmiyetke iye. Este saqlaw insan ómirinde zarur rol` oynaydi. Bala tuwilǵaninda hesh nárse bilmeydi hám hesh nárse kilaalmaydi. Ol rawajlaniwdiń bir kansha joqariraq dárejesine kóterilip bir paydali jumis islew ushin kóbirek bilim hám uqipliliqlardi eslep qaliwi hám esinde saqlawi lazim.

Este saqlawdiń rawajlaniwi balaniń ómir sharayatlarina, oniń tálim-tárbiyasina baylanisli. Mektepke shekemgi tárbiya jasindaǵi balalrdiń este saqlawi kóbinshe iqtiyarsiz tárizde boladi, bunda bala buimlardi ámeliy shiniǵiwlar yamasa oyin oynaw protsessinde óz-ózinen este saqlap qaladi.

Mektepke shekemgi tárbiya jasinda iqtiyarsiz este saqlap qaliw menen birge iqtiyarli este saklap qaliw negizleri hám payda bola baslaydi. Bul ózgerisler, balalar iskerliginiń quramalasiwi ulkenler talabiniń artiwi nátiyjesinde juz beredi. Máselen, úlkenler baladan bir tapsirmani házir emes, al bir qansha waqittan keyin orinlawdi talap etedi (buniń ushin tapsirmani iqtiyarli ráwishte eslep qaliw kerek) yamasa bir neshe kun aldin (máselen, seyil waqtinda, dem aliw kúni úyde) ne bolǵanin aytip beriwdi usinis etedi, buniń ushin bolsa usi nárselerdi este tutiw lazim.

Bala jámáát tárizindegi oyinlar hám shiniǵiwlarda qatnasip, ol aynala-átiraptaǵi insanlar talap etken, tárbiyashi kórsetken nárselerdi eslep qaliwdi uyrenedi. Ruwhiy iskerliktiń arnawli formasi- qiyal mektepke shekemgi tárbiya jasindaǵi balalardiń aqiliy rawajlaniwinda zarur rol` oynaydi. Qiyal balaniń ómiri protsessinde, oniń iskerliginde, tálim hám tárbiya tásirinde payda boladi.

Balaniń qiyali ol syujetli oyinlar oynay baslaǵanda , olarǵa ulkenler qiziqli ertekler aytip bergeninde, sol erteklerge qiziǵiwshiliq arqali qiyaldiń dáslepki kórinisleri kórinedi. Biraq baladaǵi qiyallar kóbirek konkret waqiyaǵa baylanisli boladi (máselen, quwirshaq kórinip qalsa, oni uyqilatadi, mashina bolsa, bir nárseni tasiydi h.t.b).

Úlken mektepke shekemgi jasqa kelgende balaniń tájiriybesi artip, iskerligi quramalasadi hám buniń nátiyjesinde bala qiyalinda sezirerli ózgerisler júz bergenin bahlaw múmkin. Bala kórgenlerin, esitkenlerin, salǵan súwretlerin buyimlari haqqinda jaqsi gúrriń aytip beriw múmkin. Balalardiń bunday gúrrińleri tek ǵana real barliqti sáwlelendirip qalmay, al endi olardi dóretiwshilik penen bayitip, hátteki ózgertirip hám gúrriń etip beriwleri múmkin.

Biliwge say ruwhiy protsessler-seziw, qabil etiw, este saqlaw, qiyal, oylaw, sonday-aq, sóylew tilin rawajlandiriw aqiliy tárbiyaniń zárúr waziypasi. Aylana átirapti biliw seziw hám qabil etiwden baslanadi. Olardiń rawajlanǵanliq dárejesi qanshelli joqari bolsa, barliqti bilip aliw imkaniyati sonshelli kóp boladi. Soniń ushin bala baqshasinda sensor tárbiyaǵa úlken itibar beriledi. Mektepke shekemgi tárbiya jasindaǵi balalarda sóylewdi rawajlandiriw ayriqsha rol` oynaydi. Insan óz pikirlerin sáwlelendiriw hám baskalardiń pikirlerin túsiniwi ushin ana tilinen paydalanadi. Tildi iyelew balaǵa tikkeley hám tikkeley emes joli menen barliq haqqinda bilimler payda etiwge imkaniyat beredi. Mektepke shekemgi tálim mekemelerinde sóz bayliǵin asiriw sózdiń grammatikaliq dúzilisin qáliplestiriw, baylanisli sózdi rawajlandiriw waziypalari sheshiledi.

Mektepke shekemgi tárbiya jasindaǵi balalarda sanali ráwishte eslep qaliw qábileti payda boladi, este saqlaw kólemi keńeyedi; waziypa-iqtiyarli diqqatti shiniqtiriw, oni paydali bilimler menen bayitiwdan ibarat. Qiyal dóretiwshilik iskerlik ushin zárúr, soniń ushin oni mektepke shekemgi jastan baslap rawajlandirip bariw úlken áhmiyetke iye.

Mektepke shekemgi tárbiya jastiń dáslepki basqishlarinda balalarda sáwlelendiriwshi qiyal boladi. Turmis tájiriybeniń artip bariwi hám oylawdiń rawajlaniwi menen dóretiwshi qiyal payda boladi. Kishi mektepke shekemgi tárbiya jasindaǵi bala ushin kórgizbeli-háreketli, kórgizbeli-obrazli oylaw say. Buniń tiykarinda sóz, logikaliq oylaw, túsinikli oylaw rawajlandiriladi. Tárbiyashi balalarda analitikaliq-sintetikaliq oylaw iskerligin payda etedi, bul bolsa qubilislardi, waqiyalardi tereń ańlap aliw, olardaǵi zárúr hám zárúr bolmaǵan táreplerin ajiratiwǵa úyretedi.

Qiziǵiwshiliq balaǵa say ózgeshelik. Ol balani aylana átiraptaǵi waqiya hám qubilislarǵa, zat hám buyimlarǵa qiziǵiwshiliq penen qarawǵa, hámme nárseni uslap, júrgizip, háreketke keltirip kóriwinde, qiziqtirǵan nársesin diqqat penen tamasha etiw baqlawda payda boladi. Balaniń sorawlarinan ondaǵi qiziǵiwshańliq qay dárejede ekenligin aniqlap alsa boladi. Tárbiyashi bahlawlar shólkemlestirip, balalarda payda bolǵan sorawlarǵa óz waqtinda juwap beriwge háreket etedi, olardiń pikirin óz betinshe juwap izlewge baǵdarlap, mektepke shekemgi tárbiya jasindaǵi balalarda qiziǵiwshiliqtiń páseyiwine jol qoymaydi.

Aqiliy tárbiyaniń waziypasi balalar qiziǵiwshańliǵin, olar aqilin rawajlandiriw hám solar tiykarinda biliwge qiziǵiwshiliq payda etiwden ibarat.

Balalar baqshasi aldinda balalardiń aqiliy qábiletlerin rawajlandiriw waziypasi turipti. Psixologiyada belgili bir iskerlikti jetiskenlikli iyelep aliw ushin shárt-sharayatlar jaratatuǵin jeke ózgesheliklerdi qábilet dep ataw qabil etilgen. Qábiletler tiyisli iskerlik protsessinde payda boladi hám rawajlanadi.

Solay etip, tárbiyashi balalarda aqiliy sipatlardi rawajlandiriwshi iskerliklerdi shólkemlestirip bariwi kerek. Balalarda ziyreklikti óstiriw ushin tez juwap qaytariwdi talap etetuǵin oyinlardi shólkemlestiredi; kritikaliq qóz-qaras qábiletin rawajlandiriw ushin balalardi teńlesleriniń jumisin, juwabin analiz etiwge tartiw; shaqqanliqti rawajlandiriw ushin eń ápiwayi izertlewshilik islerin shólkemlestiredi, jumbaqli máseleler sheshiwdi usinis etedi.

Aqiliy kónlikpe hám uqipliliqlardi rawajlandiriw, yaǵniy eń ápiwayi iskerlik usillari, predmetlerdi tekseriw, olardaǵi zárur hám zárur bolmaǵan belgilerdi ajiratip kórsetiw, baska predmetler menen salistiriw hám taǵi basqalardi payda etiw mektepke shekemgi jastaǵi balalarǵa aqiliy tárbiya beriw waziypalarinan biri. Bul kónlikpe hám uqipliliqlar biliw iskerliginiń quramali bólimleri bolip, balaniń bilimlerin jetiskenlikli iyelep aliwina járdem beredi. Máselen, ósimlikler hám haywanlar menen tanistiriw boyinsha sistemali shiniǵiwlar alip barilǵannan keyin balalar ayirim konkret ósimlikler yamasa haywanlar haqqinda belgili bir kórinislerge iye boladi. Soń balalardaǵi aqiliy kónlikpe hám uqipliliqlardi rawajlandiriw maqsetinde tárbiyashi balalar menen tómendegi shiniǵiwlardi

ótkeriwdi rejelestiriwi múmkin: máselen, «Paxta ósimligin basqa ósimlik menen salistiriw», «Eki qusti bir-biri menen salistirw», «qoydi eshki menen salistiriw», yamasa «Suwretke qarap tap» didaktikaliq oyini hám usiǵan uksaǵan ilajlar ótkeriw. Eń zárurlisi sonda, balalarǵa bilim berip ǵana qalmastan, olardi alǵan bilimlerinen aqiliy hám ámeliy úaziypalardi sheshiwde paydalaniwǵa uyretiwi zárur.

Erte hám mektepke shekemgi jas dáwirinde balalarda aynala-átirapqa bolǵan qiziǵiwshiliq júdá tez ósedi. Qiziǵiwshiliq- balaniń aqiliy rawajlaniwin hárektke keltiriwshi qudretli kush. Úlkenler balalardiń qiziǵiwshiliǵin, biliwge bolǵan hár qanday tilekti seziwleri hám xoshametlep bariwlari kerek.

Balalardaǵi qiziǵiwshiliq hám aqiliy belsendiliktiń qay dárejede rawajlanǵanliǵin-balaniń aqiliy rawajlanǵanliǵiniń tiykarǵi kórsetkishi.

Tálim protsessinde balalarda oqiw iskerligi tiykarlari payda boladi, olardi mektepte jetiskenlikli oqiw ushin zárúr shárt-sharayatlar jaratiladi. Tálim eki túrli jol menen ámelge asiriladi. Birinshi jol – balalardiń bilim, uqip, kónlikpelerdi úlkenler menen óz-ara qarim-qatnasiqta boliw arqali iyelep bariliwi. Bul qarim-qatnasiqta, miynet iskerligi hám usi siyaqli menen belgilenedi. Biraq bul jol menen iyelengen bilim hám uqipliliqlar balalardiń turmistiń hár qiyli tarawlarinda óz-betinshe qatnasa aliwi ushin imkaniyat jaratpaydi. Tálimniń ekinshi joli – arnawli tayarliǵi bar insanlardiń arnawli oqiw mekemelerinde balalardi kerekli bilim, uqip, kónlikpelerdi rejeli túrde jetkerip bariw. Bunday jol menen tálim beriwden maqset jas áwlatdi zamanagóy islep shiǵariwda jámiyettiń sotsial-siyasiy, mádeniy turmisinda belsene qatnastiriwi ushin zárúr bolǵan pán jetiskenlikleri menen tanistiriw.

Mektepke shekemgi tárbiya jasindaǵi balalarǵa tálim beriw ideyasi birinshi bolip shet el pedagogikasinda chex pedagogi Yan Amos Komenskiy (1592-1670) tárepinen jaratilǵan. Ya.A.Komenskiy ana basshiliǵinda 6 jasqa shekem bolǵan balalarǵa tálim hám tárbiya beriw múmkinshiligin kórsetip berdi[7]. Usi dáwirde

[7] F.R.Qodirova va boshq. Maktabgacha pedagogika. T.-2019y.-156 b

balalardiń jasin itibarǵa alǵan halda insan uyreniwi lazim bolǵan hámme nársege uyretiw lazim deydi.

Yan Amos Komenskiy 19 bólimnen ibarat mektepke shekemgi tálim baǵdarlamasın duzdi. Máselen, ol tábiyatuniw suw, jer, hawa, ot, jawin, qar, muz, tas, qumlar hám basqalar haqqinda bilim beriw lazimliǵin, astronomiya, geografiya, optika hám basqa tarawlarda balalar iyelep aliwlari lazim bolǵan bilimler sheńberin belgilep berdi. Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerinde beriletuǵin tálim balalardiń mektepte alatuǵin bilimleri menen tiǵiz baylanisli boliwi kerekligin aytadi[8].

Ya.A.Komenskiy házirgi kunge shekem óziniń qimbatin joytpaǵan «Ulli didaktika»ni jaratdi, onda bilimler sistemasiniń mazmuni hám metodlari hár bir basqish boyinsha aship berilgen. Ol óziniń «Analar mektebi» kitabinda kishi jastaǵi balalardi tárbiyalaw hám oqitiw dásturi hámde metodikasin júdá tereń uyrenip islep shiqqan. Usi menen Ya.A.Komenskiy mektepke shekemgi tárbiya pedagogikasiniń óz betinshe pán sipatinda rawajlaniwina tiykar saldi.

Shveytsariya pedagogi I.G.Pestalotstsi (1746-1827) mektepke shekemgi tárbiya didaktikasin duziwde mektepke shekemgi tárbiya jasindaǵi balalrdiń rawajlaniwin itibarǵa aliw máselesine úlken itibar beredi. Ol mektepke shekemgi tárbiya jasindaǵi balalardiń aynala-átirap turmistaǵi nárse hám qublislardi qabil etip, ózlestiriwi úlkenler tálimi tiykarinda ámelge asiriliwi lazim, deydi.

G.Pestalotstsi tárepinen islep shiǵilǵan tálimniń tiykarǵi mazmuni mektepke shekemgi tárbiya pedagogikasiniń rawajlaniwinda hám balalrǵa keyin mektepte sistemali tálim beriwde tiykarǵi dástur bolip xizmet etedi.

Pestalotstsi tildi óstiriw, ólshew, esapqa uyretiw boyinsha baslawish tálim metodikasin islep shiqti. Bul metodikani Pestalotstsi hár bir hayal paydalana alatuǵin dárejede ápiwayi etip islewge urindi. Onalar tábiyatiniń ózgermes nizamliliqlarin bilip alip, shańaraqta balaniń hámme qábiletlerin hám imkaniyatlarin rawajlandiriwǵa tiykar saladi.Onin usi maqsette jazǵan eki kitabi 1802 jilda «Gertruda óz balalarin qanday uyretedi», 1803 jilda «Analar ushin

[8] F.R.Qodirova va boshq. Maktabgacha pedagogika. T.-2019y.-156 b

kitap» yamasa balalardi baqlaw hám sóylewge qanday uyretiw haqqinda analarga qollanba basilip shiqti. Bul kitapta Pestalotstsi balalar iyelep aliulari lazim bolǵan bilimler mazmuni, sheńberi rawajlaniwdiń qabil etiw menen baylanisliǵin analiz hám sintez etip biliw, matematikaliq túsinikler, sóylew hám real nárseler, buyimlardi qabil ete aliw qábiletlerin belgilep beredi.

Nemis pedagogi F.Frebel` (1782-1852) mektepke shekemgi tárbiyaniń bip pútin sistemasin jaratip, oniń balalar baqshasinda alip barilatuǵin islerge say kúshli tárepi tálim mazmuninda edi. Kózlengen tálimdi amelge asiriw ushin F.Frebel` didaktikaliq materialdiń ajayip sistemasin jaratdi, úlkenler basshiliǵinda tálim beriw maqsetinde ótkeriletuǵin shiniǵiw hám oyin metodikasin, oni isletiw ideyasin islep shiqti. Alimniń didaktika tarawindaǵi ideyalari barliq mámleketlerdegi didaktikaniń keyingi rawajlaniwina úlken tásir kórsetti[9].

Rus pedagogikasinda mektepke shekemgi tárbiya jasindaǵi balalarǵa tálim beriw máselesine V.F.Odoevskiy hám K.D.Ushinskiyler ásirese úlken úles qosti.

V.F.Odoevskiy (1803-1869) 4 jastan keyingi dáwirdi dáslepki tálim hám tárbiya beriw hámde mekteptegi sistemali oqiwǵa tayarlawda zarur dáwir dep esapladi hám mektepke shekemgi tárbiya jasindaǵi balalarǵa tálim-tárbiya beriw metodlari, mazmuni ústinde isledi. Bul jasta «bilimge shekem», «oqiwǵa shekem» bolǵan tálim hám tárbiyaniń, oqiwdiń baslawish dáwiri boliw kerek, dedi, usi sebepli «ayriqsha balalar pánin jaratiwǵa» háreket etti.

K.D.Ushinskiy (1824-1870) mektepke shekemgi tárbiya jasindaǵi balalardi tárbiyalaw máselesin baslawish klasslarda eń ápiwayi tálim beriw máselesi menen baylanistirdi. K.D.Ushinskiy shet el hám Rossiyadaǵi mektepke shekemgi tárbiya sistemasin analiz etip, mektepke shekemgi tárbiya pedagogikasi páni ushin zarur áhmiyetke iye bolǵan tómendegishe juwmaq shiǵardi:

1) Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerinde toliq turmis keshiriwleri, hár tárepleme rawajlaniwlari lazim;

2) Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerinde tárbiyaliq isti duris jolǵa qoyiwda tárbiyashi basshi rolin oynawi kerek.

---

[9] F.R.Qodirova va boshq. Maktabgacha pedagogika. T.-2019y.-37 b

K.D.Ushinskiy tárbiya hám tálimniń uliwma sistemasinda mektepke shekemgi tárbiya jasi dáwirindegi tárbiya hám tálimdi zarur basqish dep esaplaydi. Ol jas balalarǵa ana tilin uyretiw máselesin islep shiqti. Balalardi dawis metodi menen sawatqa uyretiw sol dáwirde júdá jetiskenlikli shiqti. Onin pikirinshe, ona tili, tildiń rawajlaniwi oylaw menen baylanisli, pikir hám til bir, til –pikirdiń sózdegi mánisi, tildin rawajlaniwinda pikirlew qábiletin óstiriw sheshiwshi rol` oynaydi. Tildi pikirden ajiratqan halda rawajlandirip bolmaydi.

K.D.Ushinskiy balalarǵa beriletuǵin tálim didaktikaliq printsiplerge tiykarlanip alip barilǵanda, olardiń ruwhiy rawajlaniwi ásirese nátiyjeli boliwin támiyinleydi, dep aytadi. Ol balalarǵa aynala-átiraptaǵi ómir, buyim hám zatlar, waqiya-qublislar haqqinda bilim beriw ushin «Balalar duńyasi», «Ana tili» degen ájayip shiǵarmalardi jaratdi hám olar menen islew metodin hám islep shiqti. Pedagog balalarǵa sonday sorawlar berip, olarǵa juwap beriw arqali balalar nárse hám buyimlardiń sirtqi kórinisi, sipati ózgesheligin bilip aladi (balalar bul nárselerdi tartipke saliwǵa, klassifikatsiyalaw): «Qoyan sekiredi, qarliǵash-ne?», «Qurt jiljip juredi, pishiq-ne?», «Siyir mu deydi, at-ne?» yamasa «Sizler toǵayda kórgen quslar atin aytip beriń?», «Báhárde bizler tárepke uship keletuǵin kuslardi aytip beriń?» h.t.b.

Mektepke shekemgi tárbiya jasindaǵi balalarǵa tálim beriw máselelerin islep shiǵiwda E.I.Tixeeva salmaqli úles qosti. Ol balalar tilin ósiriw boyinsha shiniǵiwlar sistemasin hám olardi ótkeriw metodikasin islep shiqti. Tixeeva balalarǵa tálim beriwde kórgizbelilikke tiykarlaniw kerekligin, balalar iskerligi hám belsendiligin oyin menen baylanisli halda alip bariw zárurligin aytadi. Balalarǵa bilim beriwde tálim zárur rol` oynaytuǵinin kórsetti[10].

L.S.Vigotskiy mektepke shekemgi tárbiya jasindaǵi balalarǵa beriletuǵin bilimler belgili dástur tiykarinda alip bariliwi, onda belgilengen bilimler belgili izbe-izlikte ámelge asiriliwi zárurligi máselesin birinshi bolip aldińǵa súrdi. Biraq baksha dásturi mektep dásturinen pariq etiw kerekligin, ol balalardi mektep tálimine tayarlawda zárur rol` oynawi lazimliǵin aytadi.

---

[10] F.R.Qodirova va boshq. Maktabgacha pedagogika. T.-2019y.-44 b

Balalardi mektepke tayarlawda aqiliy tárbiyalawdiń roli úlken. Balalardiń bilimlerdi iyelep aliwlari, olardiń aqiliy belsendiligin rawajlandiriw, óz betinshelik, aqiliy uqip hám kónlikpelerdi iyelep aliwlari olardiń mektepte jetiskenlikli oqiwi hám bolajaq miynet iskerligine tayarlawinda derek bolip xizmet etedi.

Mektepke shekemgi tárbiya jasindaǵi balalardi aqiliy tárbiyalawdiń tiykarǵi waziypalari tómendegiden ibarat:

1. Balalarda tárbiya hám jámiyet haqqindaǵi bilimler sistemasin, ilimiy dúńyaǵa kóz-qarasin qáliplestiriw.

2. Biliwge say ruwhiy protsesslerdi rawajlandiriw: seziw, qabil etiw, este saqlaw, qiyal, oylaw, sóylew.

3. Biliwge qiziǵiw hám aqiliy qábiletlerge, aqiliy miynet mádeniyatin rawajlandiriw.

4. Aqiliy uqip hám kónlikpelerdi rawajlandiriw.

Mektepke shekemgi tárbiya jas dáwirinde bala hár kúni ózi ushin tanis emes bolǵan zat hám qubilislarǵa dus keledi. L.N.Tolstoy mektepke shekemgi tárbiya jasi haqqinda minanday dep jazadi: «Men házir ózimde bar bolǵan hámme nárseni sol jasliq waqtinda iyelep alǵanman, iyelegende hám sonshelli kóp, sonshelli tez iyelegenmen, pútkil qalǵan ómirimde bul iyelegen zatlardiń júzden birin hám iyelegenim joq. Bes jasli baladan maǵan shekem bir qádem. Jańa tuwilǵan náresteden bes jasli balaǵa shekem bolsa, araliq júdá uzaq».

Biraq tiyisli basshiliq bolmasa, bilim hám sáwleler tártipsiz bir tárizde toplanip baradi: olar júzeki, kópshilik halda qáte hám boliwi múmkin. Bala «bult-bul paxta», «juldizlar-elektr lampochkalari» dep oylaydi. Aylana átiraptaǵi turmisti baqlap, ol óz betinshe juwmaq shiǵariwǵa háreket etedi. Pedagogtiń waziypasi balalardaǵi bilimlerdi mudami asirip bariw, olardi tártipke saliw, aniqlastiriw.

Bala aylana átiriptaǵi zatlar, olardiń waziypasi, gey bir sipatlari (reńi, úlken kishiligi, formasi) hám qásiyetleri haqqinda, qaysi materiallardan tayarlanǵanliǵi haqqinda aniq kóriniske iye boliwi kerek. Ol tábiyat qubilislari, olardiń óz ara baylanisliǵi hám nizamliliqlarin bilip aladi. Jansiz tábiyat, ósimlikler, qurt-

qumirisqa hám haywanlardi bahlaw protsessinde tárbiyashi balalarda barliq haqqinda túsiniklerin qáliplestirip baradi.

Bilimlerdi iyelep bariw nátiyjesinde balaniń shaxsi hám qáliplesip baradi. Bala kórkem-ónerdiń hár qiyli túrleri haqqindaǵi túsiniklerin iyelep aladi. Mektepke shekemgi tárbiya jasindaǵi balalar ózlerine túsinikli bolǵan jámiyetlik waqiya hám qubilislar, insanlardiń miyneti, uliwma xaliqliq bayramlari menen, respublikamizda jasaytuǵin gey bir xaliqlar ómiri menen tanistiriladi. Bul is ilájlar olarda jámiyetimiz sotsial ómirine qiziǵiwshiliq oyatiwǵa, watanǵa muhabbat sezimleri hám internatsionalliq tiykarlarin qáliplestiriwge járdem beredi.

## 1.2. BALALARDIŃ BİLİW İSKERLİGİN RAWAJLANDIRIWDA DIDAKTIKALIQ OYINLARDIŃ TUTQAN ORNI

Oyın iskerligin baqlaw hám analiz etiw jódá quramalı is. Bul oyınnıń mektepke shekemgi jastaǵı bala shaxsın rawajlandırıwdaǵı ayrıqsha áhmiyeti, balalar baqshasında alıp barılatuǵın tálim-tárbiya protsessindegi ornı, oyın turleriniń hár qıylıǵı hám olardı rawajlandırıw ózgeshelikleri menen baylanıslıǵı sebepli.

Bul ózgesheliklerdi jaqsı biliw oyın iskerligin tereń analiz etiwdi hám metodist tárepinen tárbiyashılarǵa óz waqtında járdem kórsetiliwin támiyinleydi.

Balalardıń oyınları hár-qıylıǵı menen parıqlanadı. Olar mektepke shekemgi bolǵan putin balalalıq dáwirinde mazmunı, shólkemlestiriliwi, oyında balalardıń aktivlik payda etiw xarakterlerine kóre, olardıń balalarǵa kórsetetuǵın tásiri hám, eń aqırında, kelip shıǵıwına kóre ulken ózgerislerdi basınan keshiredi. «Balajan» tárbiyashılardı eń dáslep syujetli-rolli oyınlarǵa jollaydı. Bul mektepke shekemgi jastaǵı balalar oyınınıń tiykarǵı turi. Bul oyınlarda balalar óz sezimlerin, aynala-átirapqa, eń dáslep, ulken jastaǵılar iskerligine bolǵan óz tusinik hám qarım-qatnasların sáwlelendiredi. Syujetli-rolli oyınlarda balalardıń oylawı rawajlanadı, este saqlawı aktvlesedi. Olar balalardıń aktivlikleri hám óz betinsheliginiń ósiwine járdem beredi.

Pedagogika-psixologiya pāninde syujetli-rolli oyınlardıń rawajlanıwın bir neshe basqıshlarǵa ajıratıw qabıl etilgen. Birinshi basqısh predmetler menen oynaw bolıp, bul bir jasqa tolǵan balalarǵa say ózgeshelik. Bul basqıshta oyın predmetli iskerlik penen birigip ketedi. Oyınshıqlardı bunday oynaw protsessinde zat hám predmetlerdiń fizikalıq ózgesheliklerin iyelew juz beredi. Bala predmetke tásir etiwshi óz imkaniyatların hám ańlay baslaydı. Bul basqıshta balalarda dıqqat penen kóriw hám estiwdi rawajlandırıw, olarǵa predmetler menen háreket etiwdi uyretiw zarur, bul oyın iskerliginde sıpat tárepten jańa basqıshǵa ótiw ushın negiz xızmetin óteydi.

Ekinshi basqısh balanıń oyınshıqlardı oynawdan predmetler menen oyın háreketlerin tákirarlap aytıwǵa ótiwi menen xarakterlenedi. Bulardı ol ulken jastaǵılar menen birgelikte oyında ózlestirgen bolıp, olardı bala birgeliktegi oyında ulken jastaǵılardan soń tákirarlaydı, soń oyın háreketlerin ulken jastaǵılar qatnasıwısız hám tákirarlap kórsetedi. Bul basqısh balalardıń bir yarımdan eki yarımga shekem bolǵan jaslarına tuǵrı keledi.

Tárbiyashı dıqqat penen kóriw hám esitiwdi jánede rawajlandırıwǵa, háreketleri ulken jaslılar tárepinen kórsetilgen oyınshıqlardıń bar bolıwına, balalardı jańa sezimler menen bayıtıwǵa ǵamhorlıq etiwi kerek. Balalar oyında predmetler menen bolatuǵın ayırım háreketlerdi ǵana emes, al olardıń bir-biri menen baylanısıwın tákirarlap kórsetiwlerine ayrıqsha itibar beriw lazım.

Ush jasqa tolıw aldında oyın rawajlanıwında sekiriw payda boladı-rol` juzege keledi.

Egerde birinshi hám ekinshi basqıshlarda oyınnıń rawajlanıwı formasına kóre jeke-jeke bolsa, roldiń payda bolıwı oynaw menen xarakterlenedi. Rolli háreketlerdiń bayıwı hám dıqqattıń rawajlanıwı áste-aqırın birgelikte, jámáát bolıp oynawdı keltirip shıǵaradı.

Syujetli-rolli oyınlardıń keyingi rawajlanıwı hár qıylı oyın háreketleriniń tez kóbeyiwi menen baylanıslı bolıp, áste-aqırın jámáátlik oyın juzege keledi.

Balanıń ósiwi hám rawajlanıwı, onı aynala-átirap haqqındaǵı oy-pikirleriniń keńeyiwine kóre oyın iskerliginiń xarakteri hám mazmunı hám ózgeredi. Egerde mektepke shekemgi kishi jastaǵılar ushın turmıs-ómrr temasındaǵı oyınlar xarakterli bolsa (bul olardıń ómirlik tájiriybeleri menen baylanıslı), ulkeygen syın balalar islep shıǵarıw mazmunına iye bolǵan oyınlarǵı, keyinshelik bolsa jámiyetlik ómirdiń turli kublısların sáwlelendiriwshi oyınlarǵa óte baslaydı. Oyın rawajlanıwınıń tiykarǵı baǵdarın biliw ulken tárbiyashıǵa turli jas toparlarındaǵı oyın iskerligin bahalawdıń durıs mezonların tańlawǵa imkaniyat beredi.

Oyın iskerliginiń rawajlanıwı hám onnan balalardı hár tárepleme rawajlandırıwda paydalanıwı ustinen qadaǵalawdı shólkemlestiriwde tómendegilerdi baqlaw hám analiz etiw zarur:

Oyın iskerliginiń payda bolıwı hám rawajlanıwı ushın sharayatlardıń támiyinlengenligi (oyın ushın waqıt ólsheminiń jeterligi; oyın iskerligin keńeytiriw ushın orınnıń, zarur oyınshıq hám qollanbalardıń barlıǵı hám xanada olardı durıs jaylastırılıwı; balalardı sezimler menen bayıtıw hám olardıń jaqsı keypiyatları );

oyın iskerligine basshılıq metodikası (balalardıń emotsional-unamlı awhalların qollap-quwatlaw hám jaqsı jaqsılawǵa baǵdarlanǵan metodlar hám usıllar; oynawshılardıń aktivligin támiyinlew; skerliktiń bir turinen ekinshisine óz waqtında ótiw, buǵan qanday metod hám usıllar menen erisiledi; balalardı oyınǵa baǵdarlaw; oyın iskerligin uzayttırıw hám quramalastırıw; balanıń erte jasında oyınnan onıń tilin tusiniwdi rawajlandırıw hám aktivligin payda etiw maqsetinde paydalanıw; unamlı óz-ara qarım-qatnasıqlar hám basqa ádep-ikramlılıq sıpatlardı tárbiyalaw).

Sonday etip, ulken tárbiyashı ol yamasa bul topar balalarınıń oyın iskerliklerine basshılıqtı analiz etiwde tárbiyashı aldında eki wazıypa:

1. oyındı iskerlik tárizinde rawajlandırıw;

2. oyınnan balalarǵa tálim-tárbiya beriw maqsetlerinde paydalanıp turıwın umıtpawı kerek.

Toparda tolıq syujetli-rolli oyınlardıń rawajlanıwı ushın sharayatlar jaratılıwına:

a) tárbiyashınıń balalardıń oyın iskerligine basshılıq etiwi;

b) oyın ortalıǵın jaratıw;

v) kundelik rejimde oyın ushın waqıttıń jetiwine ayrıqsha itibar beriw zarur.

Balalardıń syujetli-rolli oyınlarındaǵı hátti-háreketlerine olardıń ulken jaslılarǵa eliklew tilegin bildiredi. Balanıń oyını adamlardıń háreketleri, minez-qulqı,óz-ara qarım-qatnasıqların oyın roli kuralında dóretiwshilik penen sáwlelendiriwden ibarat. Máselen, shıpaker, oqıtıwshı rolin tańlar eken, bala usı kásip ushın xarakterli háreketlerdi suwretleydi, orınlanıp atırǵan «iske» hám basqa insanlarǵa qarım-qatnasın qáliplestiredi.Balalar oyında ulken jastaǵılardıń iskerliklerine bolǵan óz qızıǵıwshılıqların hám adamlardıń jámiyetlik ómirlerine qosılıw tileklerin mine usınday ámelge asıradı.

Syujetli-rolli oyınlar, egerde balalarda ulken jastaǵılardıń mektepke shekemgi jastaǵılar ushın tusinerli hám oyınlı rollerde sáwlelendiriwi ushın qolaylı xarakterli miynet háreketleri hám óz-ara qarım-qatnasıqları haqqında anıq sáwleler qáliplestirilseŃ insan iskerliginiń ádep-ikramlılıq negizi; orınlanıp atırǵan jumısqa juwapkershilik penen jantasıw, wazıypalardı jaqsı orınlawǵa umtılıw, óz-ara járdem hám miynettiń jámáátlik xarakteri ashıp berilse, jánede mazmunlı boladı. Ulken jastaǵılar iskerliginiń konkretlestirilgen mazmunı balalarda oyında sáwlelendiriwi zarur bolǵan sáwlelerdi jaratıw imkaniyatın beredi.

Balalardıń oyın iskerliklerin iyelewlerinde ayrıqsha orın didaktikalıq oyınlarǵa ajıratılıwı kerek.

Bunda balalarǵa konkret háreketlerdi, olardıń belgili syujetin ashıp beriwshi izbe-izligin parıqlawlarında járdem beriw zarur. Oyın iskerliklerin uyretiw metodlarınan oyınlarda zamanagóy jámiyietlik ómir qublısları sáwlelenetuǵın awhallarda paydalanıw ásire zarur, sebebi balalar zamanagóy temadaǵı oyınlarda insanlardıń miynet operatsiyaların parıqlawda qıynaladı.

«Nasazlıqlardı duzetiw» oyınında balalar eki toparǵa bólnedi. Hár bir topardan «mexanik-usta» tayınlanadı. Mexanikler basqa xanaǵa shıǵıp turadı. Olar joq waqtında tárbiyashı balalar menen birgelikte raketa uskenelerinen bir nárseni buzıp qoyadı. Mexanikler buzılǵan jerdi tez tapqan hám onı duzetken topar jeńimpaz boladı.Bul oyında balalarda dıqqat, reakqiya tezligi rawajlanadı, olar belgili háreketlerdi orınlawdı shınıǵadı. Balalardıń óz «mexaniklerine» aytıp turıwlarına jol qoymaw kerek.

«Kosmonavtlarǵa kim járdem beredi» oyını balalardı turli roller ortasında baylanıslar ornatıwǵa uyretedi, bul keyin olarǵa bir neshe oyınlar syujetin bir syujetke birlestiriwlerinde járdem beriwi kerek. Balalar ózlerindegi bar bilimler tiykarında kosmosqa ushıwların tayarlaw hám onı ótkeriwlerine baylanıslı turli kásiplerdi aytadı. Oyında balalardı kosmostı iyelew-bul mámleketimizdegi barlıq xalıqlar aldında turǵan wazıypa hám bul birgelikte sheshiledi, degen tusinikti payda etiwge alıp keliwi zarur.

Aytıp ótilgen oyınlar balalar menen islesiwde biliw materiallarınıń kiritiliwine kóre áste-aqırın kiritiledi. Ápiwayı, biraq balalarǵa bilim, shaqqanlıqtı kórsetetuǵın oyınlardan baslaw kerek. Bul balalarda qarar tapqan qarım-qatnasıqlardı bekkemlew formalarınan biri. Oyınlardıń áhmiyeti kóriw obrazların awız-eki yamasa kerisinshe, awız-ekini kóriw obrazına ótkeriwde. Bul oyınlar balalardı baslawısh bilimlerin iyelegen dárejede saqlaw menen birge parıqlar qabıl etiw hám onı tereńlestiriwge járdem beredi.

Balalardıń oyın háreketlerin iyelep alıwlarında oyınshıqlardı oynawǵa ulken itibar beriliwi lazım. Oyın protsessin zarur uskeneler menen támiyinlew, oyın ortalıǵın shólkemlestiriw, syujetli-rolli oyınlar hám balalardıń óz betinshe iskerliklerin rawajlandırıwdıń shárti esaplanadı.

Usı sebepli tárbiyashı oyınshıqlar hám oyın uskeneleriniń klassifikatsiyasın, hár bir turiniń wazıypasın, hár bir oyınshıqtı kiritiw hám oynaw metodikasın, balalardıń jası hám dástur talaplarına ámel qılıwdı jaqsı biliwi kerek.

Házirgi pedagogikalıq ádebiyatlarda oyınshıqlardıń tómendegi klassifikatsiyası qabıl etilgen.

1. Obrazlı oyınshıqlar. Bularǵa quwırshaqlar, oyınshıq-haywanlar hám oyın syujetin rawajlandırıwǵa járdem beretuǵın qosımshalar kiritiledi. Oyınshıqlardıń bul turiniń tiykarǵı wazıypası-elementar jámiyetlik sezimlerdi tárbiyalaw.

2. Ekinshi ulken topardı texnikalıq oyınshıqlar shólkemlestiredi. Bular suw, jer, kosmos, hawa transportı, uy texnikasın qáliplestiriwshi oyınshıqlar;

awıl-xojalıq temasındaǵı oyınshıqlar: kambaynler, seyalkalar, traktorlar;

áskeriy temadaǵı oyınshıqlar: bronetransporter, zenit ustanovkaları, qurallar h.t.b.

Jol qurılıs hám arxitektura-qurılıs oyınshıqlar: bul`dozerlar, kranlar, ekskavatorlar, jol jatqızıw mashinaları, beton aralastırıwshı;

arnawlı mólsherlengen mashinalar: sut, pochta tasıwshı mashinalar, nan hám miywe-palız furgonları, ot óshiriwshiler hám tez járdem mashinaları, patrul` mashinaları h.t.b.

sanaat uskenelerin sáwlelendiriwshi oyınshıqlar elektokarlar, transporterlar, aspa jollar h.t.b.

Ulken toparlarǵa mólsherlengen texnikalıq oyınshıqlar hár qıylı mexanizmsiz, inertsion, mikromotorlı, kompleks bolıw kerek.

3. Oyınshıq qurılıs materialları hám konstruktorlıq oyınshıqlar ulken orındı iyeleydi. Olar geometriyalıq naborlardı óz ishine aladı. «Konstruktsyalaw» bólimi boyınsha oqıw protsessin támiyinlew ushın keminde eki balaǵa turli konstruktorlardıń bes turli durıs keliwi kerek.

4. Didaktikalıq oyınshıqlar: matreshkalar, stol-kórgizbeli, shaxmat-shashka oyınları hám usı sıyaqlılar.

5. Topardaǵı hám balalar baqshası maydanshasındaǵı oyınlar ushın motorlı oyınshıqlar.

6. Balalar menen islesiwde oyınshıq-ermekler hám kerek boladı. Kishi toparlarda olardan kishkentaylarda quwanısh keypiyatın jaratıw, olardı naqolay sezimlerden shalǵıtıwda paydalanıladı. Ulken balalar menen islegende olardan teatrlastırılǵan oyınlardı rawajlandırıw maqsetlerinde paydalanıladı.

7. Muzıkalı oyınshıqlar: qońǵıraǵıshlar, organchalar, metallofonlar, pianino, naychalar, royallar-balalardıń óz betinshe ǵárezsiz ádebiy iskerliklerin rawajlandırıwdıń zarur shárti esaplanadı.

8. Teatr hám dekorativ oyınshıqlar turli teatr, dekoratsiyalardan ibarat bolıp, dramalastırılǵan oyınlardı rawajlandırıwǵa xızmet etiwi lazım. Olardıń kópshilik bólimin balalar ózleri tárbiyashı basshılıǵında tayarlawları lazım. Máselen: saya teatrı, stol-teatrı, flanelegraflar, girlyandalar h.t.b.

9. Balalardıń tábiiy hám basqa materiallardan tayarlanǵan qol islengen oyınshıqlardı ayrıqsha aytıw lazım. Olar tiykarında tamashagóyler, ekskursovodlar, kassirler bolatuǵın qızıqlı «oyınshıqlar muzeyi» oyının shólkemlestiriw mumkin.

10. Oyın uskeneleri balalardıń baqsha maydanshasında oynawlarına mólsherlengen turli konstruktsiyalar ibarat.

Oyın iskerligin rawajlandırıwdıń zarur shárti tek ǵan hár qıylı turdegi oyınshıqlardıń bar bolıwı emes, al balalar mekemesi kun tártibinde baǵdarlamada belgilengen oyın waqtın durıs anıqlanıwı esaplanadı.

Topardaǵı oyın iskerliginiń awhalı haqqında belgili juwmaqlar shıǵarıw hám usı bólim boyınsha metodikalıq isti rejelestiriwden aldın ulken tárbiyashıǵa belgili waqıt bóleginde tárbiyashınıń balalar oyınlarına basshılıq etiwdi tómendegi tártipte analiz etiwdi usınıs etiledi:

1. Tárbiyashınıń oyın iskerligine basshılıqtaǵı óz rolin durıs tusiniw-tusinbewin baqlaw.

2. Oyından balalardı hár tárepleme rawajlandırıw maqsetinde qanshelli durım paydalanıwın.

3. Oyın iskerliginiń rawajlanıw dárejesi tárbiyashı tárepinen qanday esapqa alınıwı.

4. Oyın mazmunında ol yamasa bul qublıs yamasa waqıyalar qanshelli tolıq ashıp beriliwin, balalar ortasında rol hám ortaqlıq qarım-qatnasıqlardıń xarakteri qandaylıǵın, balalar oyındı aqırına shekem oynaǵan-oynamaǵanlıqların.

5.Tárbiyashınıń balalardı ózleri oyında sáwlelendirip atırǵan qublıslar haqqındaǵı bilimlerin bayıtıw boyınsha isin analiz etiw.

6. Ol yamasa bul oyınshıqtıń kiritiliwi pedagogika qóz qarasınan maqulma, ol durıs kiritildime.

7. Oynalǵan oyın balalar menen qanshelli tez-tez dodalanadı hám oǵan baylanıslı tárizde olarda tek ǵana rollerdiń orınlanıwın ǵana emes, al oyınnıń hámmesin hám bahalaw qarım-qatnasın payda etedime.

Balalardıń syujetli-rolli oyınların baqlaw maqsetinde bizler tómendegi sxemanı usınamız:

Balalar baqshasındaǵı pedagogikalıq protsesste háreketli didaktikalıq hám muzıkalı-didaktikalıq oyınlar ulken orındı iyeleydi. Bul oyın turleriniń hár biri óz ózgesheligi hám bala shaxsın rawajlandırıwda ózine say áhmiyetke iye.

Máselen, didaktikalıq oyında birinshi orında biliw wazıypaları qoyıladı. Biliw wazıypası bul orında ashıq kórinbeydi. Oyındı baslar eken tárbiyashı: «Házir oynaymız» deydi. Bul oyınlarda sensor hám aqılıy qábiletler rawajlandırıladı.

Háreketli oyınlar bala organizmin rawajlandırıwǵa, salamatlıǵın bekkemlewǵe baǵdarlanadı.

Muzıkalı-didaktikalıq oyınlardı dawıslardı, ritmdi parıqlaw, muzıka ásbaplarında shalıw hám usı sıyaqlı kónlikpeler rawajlanadı.

Biraq olardıń hámmesin balalarǵa tayar mazmun hám qaǵıydalar menen beriliwi hám olardıń barlıǵı ózine say biliw funktsiyalarınan tısqarı, balalardı hár tárepleme rawajlandırıwǵa xızmet etiwge birlestirip turadı.

Aytıp ótilgen oyınlar balalardı rawajlandırıw funktsiyaların orınlaw hám balalr tárepinen úz betinshe iskerlikte paydalanıwı ushın olar bir qatar pedagogikalıq talaplarǵa juwap beriwi kerek:

- balalar jası hám rawajlanıw dárejesine muwapıqlıǵı;

- bilimler dárejesiniń ózgeriwine muwapıq tárizde oyınlardı áste-aqırın quramalastırıp barılıwı;

- balalarǵa oyın qaǵıydalarınıń tusindiriliwi;

- barlıq balalardıń aktivligi hámde qızıǵıwshılıǵın támiyinlew;

- hár dayım qadaǵalaw hám balalarǵa oyın protsessinde oyındı iyelew basqıshına muwapıq tárizde járdem beriw;

- balalardıń oyınlarda óz-ara bir-birlerine uyretiwlerinen keń paydalanıw;

- tárbiyashınıń jetekshilik roli.

Oyınlarǵa basshılıq usılların analiz etiwde hár qıylı oyın turleriniń balalar baqshasında pedagogikalıq protsesste, balalarǵa tálim beriw hám olardıń mnez-qulqı hámde balalar jámáátindegi jámiyetlik óz-ara qarım-qatnasıqlardı tárbiyalaw protsessindegi tutǵan orının anıq sáwlelendiriw lazım boladı.

Balalar baqshalarındaǵı didaktikalıq protseske oqıtıwdıń turli usıl hám formalarınıń kiritiliwi pedagogikalıq protsessti bayıtıwdan, tálim protsessin qızıqlı etiwden, balalarǵa joqarı is qábiletin támiyinlewden dalalat beredi. Didaktikalıq maqset oyın wazıypsına aylanar eken, balaǵa sezilmeytuǵın bolıp qaladı hám biliw

mazmunın iyelew maqsetinen tısqarı, balalar ushın qızıqlı bolǵan oyın iskerliklerinde payda boladı. Biliw iskerliginiń tiykarǵı stimulı, didaktikalıq wazıypalardı orınlaw motivi bul orında bala ushın tábiiy bolǵan oyınǵa umtılıw, oyın maqsetine erisip jeńip shıǵıw kónlikpesine aylanadı. Ásire mine usı nárse dógerek-átirapaǵı zatlardı jaqsıraq qabıl etiwge, itibarlı qarap shıǵıwǵa, qulaq salıwǵ, kerekli ózgesheliklerdi tez shamalap tabıwǵa, predmetlerdi tańlaw hám toparlawǵa májbur etedi.

Óz betinshe didaktikalıq háreketli hám muzıkalı-didaktikalıq oyınlarında balalar aqılıy sensor máselelerdi, sonday-aq fizikalıq hám estetikalıq tárbiya máselelerin shesher eken, bir waqıtta birgeliktegi iskerlik uqıplılıqlarında, jámiyetlik óz-ara qarım-qatnasıqlardı ornatıwda shınıǵıw etedi. Hár qanday oyında bolǵanınday, olar qashan, qay jerde hám qanday oyındı oynawların kelisip aladı, oyın ushın birlesedi, kerekli háreketlerdi ámelge asıradı, oyın mazmunı hám qaǵıydalarına, sonday-aq oyında qatnasıwshılar qálewine kóre bir-birlerin menen oyın hám real qatnasıqlarǵa kirisedi. Bul oyınlardıń tálim-tárbiyalıq mazmunı hám qaǵıydaları bul opında mektepke shekemgi tárbiya jasındaǵılardıń jas hám jeke ózgeshelikleri menen, balalardıń birgeliktegi oyın iskerligin shólkemlestiriw hám ótkeriw protsessindegi óz betinshelikti payda etiwi menen birgelikte alıp barılıwı zarur. Tap mine usı nárse didaktikalıq háreketli hám muzıkalı-didaktikalıq oyınlardı tek ǵana oqıtıw quralı ǵana emes, al balalardı óz jámiyetlik ómirleriniń, balalar jámáátinde olardıń hátti-háreketlerin hám jámiyetlik óz-ara qarım-qatnasıqların tárbiyalawdıń ámeliy formasın aylandıradı.

Tárbiyashı isiniń bul bólimin analiz etiwde ulken tárbiyashı balalr oyın turlerin óz-ara jaqsı biletuǵın hám jaqsı kóretuǵın, olardı ótkeriw ushın sharayat jaratıwǵa ǵamhorlıq etetuǵın, bul oyınlarǵa basshılıqtı ámelge asıratuǵın pedagoglardıń balalrı kóbirek qızıqlı, wár qıylı oyınlardı oynawların hár jayım esinde saqlawı kerek.

Tárbiyashılarǵa qıyınshılıq tıwdıratuǵın másele oyın iskerligin rejelestiriw.

Keyingi jıllarda balalar baqshasındaǵı is tájiriybesinde oyınlardı perspektivalıq yamasa tematikalıq rejelestiriwden tiykarlı hám jetiskenlikli

paydalanılmaqda. Ol tómendegi bólimlerdi óz ishine aladı: dógerek-átirap penen tanıstırıw hám tilin óstiriw, ádebiy ádebiyattı oqıw, ádebiy iskerlik, oyınshıq-atributlardı tayarlaw.

Didaktikalıq, háreketli hám muzıkalı-didaktikalıq oyınlardı rejelestiriw olardan shınıǵıwlarda hám, basqa rejim waqıt bóleklerinde hám paydalanıwdı názerde tutadı. Bul oyınlardı rejelestiriwde didaktikalıq hám tárbiyalıq wazıypalar mazmunı, qaǵıydalar xarakteri, balalar ushın jańalıq dárejesi esapqa alınadı. Rejede májburiy tárizde jańa oyınlardıń kiritiliwi ayırım balalarǵa karaǵanda tálim-tárbiyalıq máselelerdiń qoyılıwı názerde tutıladı.

Tiykarınan perspektivalıq rejelestiriletuǵın syujetli-rolli oyınlardan parıq etip didaktikalıq, háreketli hámmuzıkalı-didaktikalıq oyınlar hám olarǵa basshılıq rejede qattı kalendar` muddetlerinde sáwlelenedi, bunıń sebebi olarda tayar mazmun hámde qaǵıydalardıń barlıǵı.

Balalar mekemesi metodikalıq is protsessinde «Oyın» bólimi boyınsha dodalaw predmeti tómendegi zarur máseleler bolıwı mumkin:

1. Oyın mashqalası boyınsha eń jańa izertlewlerdi hám metodikalıq áde`biyattı uyreniw.

2. Balalardıń oyın iskerliklerin shólkemlestiriw hám oǵan basshılıqtı rejelestiriw.

3. Oyın mektepke shekemgi jastaǵılardı komil insan sıpatında tárbiyalaw kuralı.

4. Balalardıń oyınların shólkemlestiriw hám oǵan basshılıq boyınsha aldıńǵı pedagogikalıq tájiriybeni uyreniw hám jayıw.

5. Tárbiyashılardı oyınlar ushın atributlardı tayarlawǵa hám hár qıylı turdegi oyınshıqlardı toparǵa kiritiw metodikasın uyretiwge say seminardı shólkemlestiriw.

6. Erte jasta oyındı rawajlandırıw ózgeshelikleri.

7. Turli jas toparlarda balalar oyınlrına basshılıq metodikası.

8. Oyınnıń basqa iskerlik turleri menen óz-ara baylanısı.

9. Hár qıylı jastaǵı balalar toparında oyın iskerligin shólkemlestiriw ózgeshelikleri h.t.b.

Bul temalar balalar mekemesiniń wazıypaları hám mekeme isiniń konkret sharayatlarınan kelip shıǵıp konkretlestiriledi.

Oqıw protsessin qadaǵalawdıń baslı maqseti balalardı shınıǵıwlarda tolıq, hár tárepleme rawajlanıwları hámde tárbiyalanıwların, balalar tárepinen barlıq dástur talaplarınıń jas hám jeke ózgesheliklerine muwapıq tárizde iyelewin támiyinlew.

Shınıǵıw tárbiyashınıń kópshilik balalar aktivligin támiyinleytuǵın balaǵa tikkeley tásir kórsetiwdiń tiykarǵı forması. Hár bir bala tárbiyashını dıqqat penen tıńlawı, óz wazıypsın tusiniwi hám usıǵan muwapıq tárizde iskerlik kórsetiwdi uyrenedi. Shınıǵıwda tárbiyashı jańa maǵlıwmatlar berip, barların anıqlap hám bekkemlep ǵana qalmay, al balalardıń pikir juritiw hámde iskerlikleri usılların payda etedi, olarda shaxstıń belgili sıpatların qáliplestiredi. Bul tábiyiy, sebebi mektepke shekemgi jas insan shaxsın keleshekte rawajlandırıwdıń negizi jaratılǵan genetikalıq basqısh esaplanadı.

Házirgi zaman pedagogikalıq hám psixologiyalıq izertlewler mektepke shekemgi jastaǵı balalardıń intellektual rawajlanıw dárejesi bir jerde qatıp qalmaǵanlıǵı, onıń uzliksiz ósip atırǵanlıǵınan, mektepke shekemgi jastaǵı balalardıń jańa bilim hám kónlikpelerin iyelew, aqılıy qábiletlerin qáliplestiriw qatnasındaǵı jas imkaniyatları házirge shekem názerde tutılǵannan kóre joqarı, tiykarǵısı házirgi balalar bilimlerdi ápiywayı sistemalastırılǵan kóriniste ózlestiriwge qádir ekenliginen dálalat beredi.

Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkeminde shınıǵıw tárbiyashı hám balalardıń óz-ara qatnaslarınıń birliginen kelip shıǵıwshı kompleks pedagogikalıq kublıs bolıp, bala shaxsın garmonikalıq hám hár tárepleme rawajlandırıw maqsetlerine xızmet etedi. Tárbiyashı shınıǵıw analizin tek ǵana tálim-tárbiyalıq protsesstegi awhaldı qadaǵalaw kuralı sıpatında emes, al tiykarınan pedagogqa kósetpe beriw metodı sıpatında ótkeredi. Analiz hám óz shınıǵıwın ózi analiz etiw uqıplılıqların qáliplestiriw tárbiyashınıń pedagogikalıq sheberligin

jetilistiriwdiń nátiyjeli usılı. Shınıǵıw analiz etiler eken, ulıwma-didaktikalıq printsiplerÚ ideyalıq, tusinerlilik, balalardıń jas ózgeshelikleri hám hár bir balanıń bilim, kónlikpe, uqıplılıqların iyelewdegi imkaniyatların esapqa alıw hámde basqa printsiplerin engiziwden kelip shıǵıwı lazım.

Shınıǵıw analizi tómendegi tiykarǵı baǵdarlar boyınshı alıp barıladı:

1. Tárbiyashınıń shınıǵıwdaǵı shólkemlestiriwshilik iskerligi. Buǵan bizler shınıǵıw rejesiniń barlıǵın, tárbiyashı tárepinen onı ámelge asırıw dárejesin, kórgizbeli qurallar menen uskenelengenligi hám shınıǵıwlarda olardan paydalanıw nátiyjeliginÚ shınıǵıwdıń shólkemlestiriliwine qoyılatuǵın psixologiyalıq hám gigienalıq talaplar (shınıǵıwda iskerlik turleriniń almasıwı, hawa, ıssılıq hám sanitariya rejiminiń optimallıǵı, balalardıń jeke hám psixologiyalıq ózgesheliklerin esapqa alıw)dıń orınlanıwın, tárbiyashınıń tayarlıq dárejesi, waqıttan paydalanıwdıń ratsionallıǵı; putin shınıǵıw, onıń bólegi hám basqıshlardıń dawamlıǵın kiritemiz.

2. Tárbiyashınıń shınıǵıwdaǵı didaktikalıq iskerligi onıń iskerliginde didaktikalıq printsipler: tálimniń tusinerliligi, sistemalıǵı hám izbe-izligi, kórgizbeliligi, bilimlerdiń bekkemligi hám sanalıǵı, ilimiyligi, tálimniń ómir menen baylanıslıǵı printsipi, tálim protsessii jekkelesiwi esapqa alınıwı hám sáwleleniwi kóz-qarasınan analiz etiledi. Ulken tárbiyashı mektepke shekemgi jastaǵılardı oqıtıwda judá bolmaǵanda blalardıń ush toparın: a) bilimlerdi bos ózlestirgen; b) bilimlerdi iyelewge joqarı qızıǵıwshılıq payda etetuǵın; v) balalardıń tiykarǵı kópshiligin esapqa alıp ayrıqsha-ayrıqshı jantasıwdıń ámelge asırılıwına itibar beredi. Dástur mazmunınıń orınlanıw dárejesi (didaktikalıq maqsetke erisiw); tárbiyashı shınıǵıwda paydalanıp atırǵan oqıtıw metodlarınıń optimallıǵı; olardıń qosıp alıp barılıwı, shınıǵıw logikasınıń balalar jası hám rawajlanǵanlıǵına muwapıqlıǵı, shınıǵıwlarda mektepke shekemgi jastaǵılardıń biliw hám pikir juritiw iskerliginiń aktivligin asırıwshı mashqalalı elementlerden paydalanıw analiz etiledi.

3. Pedagogtıń shınıǵıwdaǵı tárbiyalıq iskerligi shınıǵıwdıń ideyalıq baǵdarlanǵanlıǵı, balalrdı ádep-ikramlılıq tárbiyalaw máseleleri qay dárejede

sheshilgenligin, shınıǵıwdı mektepke shekemgi jastaǵılarǵa estetikalıq tásir dárejesin, basqa tárbiyalıq imkaniyatlardan paydalanıw dárejesin bahalaw tiykarınd analiz etiledi.

4. Shınıǵıwlarda pedagogtıń shaxsǵa say sıpatlarınıń payda bolıwı. Tárbiyashınıń tili, pedagogtıń mádeniyatı, balalarǵa qaraqanda tutqan pozitsiyası, shınıǵıwlarda toparǵa pedagogikalıq basshılıq usılı, pedagogtıń shınıǵıwlardaǵı sırtqı kórinisi.

5. Balalardıń shınıǵıwdaǵı putin topar minezlemesi fonındaǵı iskerlikleri: balalardıń shınıǵıwdaǵı aktivlik hám iske umtılıwshılıq dárejeleri; olarda shınıǵıwǵa qızıǵıw, óz betinshe islew uqıplılıqlarınıń barlıǵı, tiliniń rawajlanǵanlıq dárejesi, balalardıń iskerlik templeri hám mektepke shekemgi jastaǵı balalarda ápiywayı oqıw iskerligi uqıplılıqlarınıń qálipleskenlik dárejesi.

Tájiriybe kórsetiwinshe shınıǵıwlarda bilimlerdiń putin kólemi realizatsiya etiw mumkin emes. Balalar shınıǵıwlarda bilimlerdiń belgili kólemin sistemalastırǵan tárizde iyeleydi. İskerliktiń basqa turlerinde balalar bilimlerdi bekkemleydi hámde ámeliy kónlikpe hám uqıplılıqlardı iyeleydi.

Mektepke shekemgi jastaǵı balalardı oqıtıwdıń bul ózgesheligi A.P.Usova óz waqtında itibar bergendi. Onıń háreketleri menen balalar baqshasına birinshi bar májburiy shınıǵıwlar kiritilgendi. Ol mektepke shekemgi jastaǵı balalarda bilimlerdiń eki kategoriyası: balalar tárepinen ózleriniń kundelikli ómirleri protsessinde iyelenetuǵın bilimler hám gınıǵıwlarda shólkemlestirilgen oqıtıw prtsessinde iyelenetuǵın bilimler payda bolıwın kórsetip beredi. Ekinshisi kuramalı sistemalastırılǵan bilimler. Bilimlerdiń bul eki kategoriyası óz-ara tásirde bolıp, balanı hár tárepleme rawajlandırıwda zarur rol` oynaydı.

Ekinshi tárepten, bala kundelikli ómirde iyeleytuǵın bilimlerden tárbiyashı shınıǵıwlarındaǵı shólkemlestirilgen oqıtıw protsessinde paydalanadı. Bul jerde olar ishki islewden ótedi, reallıq, anıqlıq kóz-qarastan duzetiledi, balanıń iyelewi qolay bilimlerdiń beligi sistemasında óz ornın iyeleydi.

Jas tárbiyashılar kóbinshe basqa qıyınshılıqlarǵa hám dush keledi. Olar shınıǵıwlardı ótkeriwde oqıtıwdıń awız-eki metodları: gurrińge, oqıwǵa,

gurrińlesiwge berilip ketedi. Bul bilimlerdiń juzeki iyeleniwine alıp keledi. Jeterlishe kórgizbeliliksiz, sózden kóbirek paydalanıw oqıtıw protsessin ekinshi signal sisteması tarawına ótkeredi, bunda ol tiyisli sezim tájiriybege sheshpeydi hám onı shólkemlestirmeydi. Nátiyjede balalar negizi ózlerine tusinersiz bolǵan tusinikti eslep qaladı. Usı sebepli olar óz sózlerinde isletetuǵın nárseler, tusiniklerdiń tiykarǵı belgilerin anıqlay almaydı.

Mine usınday oqıtıwdıń kóbirek birinshi signal sisteması oraylarına baǵdarlanatuǵın metod hám usıllardı izlewge may ámeliy talap kelip shıǵadı. Bul tikkeley baqlaw, kórsetiw, kórip shıǵıw hám usı sıyaqlılar. Demek, mektepke shekemgi jastaǵılar ushın shınıǵıwlardı tańlawda kórsetpelilik printsiplerine tiykarlanıwı lazım.

Mektepke shekemgi jastaǵı balanıń ásirese shınıǵıwǵa qızıǵıwı, onıń emotsional juwabı onda oqıw iskerligine, onıń mazmunına áste-aqırın unamlı qatnasıqtı payda etedi hám usı arqalı onıń sanasında psixikalıq protsesslerdiń intensiv ótiwine járdem beredi.

Yu.K.Babanskiy mektepke shekemgi kishi jastaǵı balalrdı oqıtıwda emotsional xoshametlewden paydalanıwdıń zarurligi haqqında pikir juritedi. Bunday metodlar arasında qızıqlı wazıyattı jaratıw metodınan ásirese mektepke shekemgi oqıtıwda jetiskenlikli paydalanıw mumkin. Máselen, tárbiyashı til ósiriw shınıǵıwın mine bunday baslaydı: «Balalar hámmeńizdiń haywanlardı yamasa quslardı jaqsı kóriwińizdi bilemen. Sonıń ushın bugun sizlerge haywanlardan birewi haqqında ertek aytıp beremen, dıqqat penen qulaq salsańız ertektiń qaysı haywan haqqında ekenligin bilip alasız».

Tárbiyashı balalrǵa qaysı ertek, gurrińdi aytıp beriwlerin illyustratsiyalardan bilip alıwların usınıs etkende hám shınıǵıwda mine usı metoddan paydalanıladı. Jańalıq, oyın usılları, pikirler toqnasıwın jaratıw-bulardıń barlıǵı oqıtıwǵa qızıǵıwdı oyatadı.

Shınıǵıw dawamında emotsional wazıyattı jaratıwda tárbiyashınıń jarıq, obrazlı tili ulken áhmiyet oynaydı. Usınıń menen birge emotsionallıqtı ápiwayı qozqaw emes, al balada oqıwdıń shın quwanıshın jaratatuǵın óz biliw tárepiniń

álbette bar bolıwı zarur. Shınıǵıwlardaǵı qızıǵıwshılıq balalardı jubatıw ushın emes, al biliw iskerligin aktivlestiriw ushın zarurligin umıtpaw kerek.

Oqıtıwǵa qızıǵıwshılıqtı xoshametlewshi qımbatlı metod biliw oyınları metodı. Oqıtıwda oyınlar álleqashannan beri oqıwǵa qızıǵıwdı oyatıwshı qural sıpatında paydalanıp kelmekte.

Tárbiyashı sheberliginiń zarur kórsetkishi balalardıń pikir juritiwin aktivlestire biliw, óz betinsheligin óstiriw. Bunday tárbiyashı hár bir bala ushın onıń qábileti hám imkaniyatların esapqa alıp tapsırma tańlaydı. Sheber tárbiyashı bala nenii islep biledi, nelerdi islep bilmeydi anıq belgiley aladı. Pedagog balalrdı qızıqtıra alatuǵın, olardı ózine qarata alatuǵın usıllardan paydalanadı.

Tárbiyashılar oylawdıń mektepke shekemgi jastaǵı balalrǵa say bolǵan eń elementar forması kórgizbeli-ámeliy oylaw ekenligin anıq oylaw kerek. Ol balanıń ámeliy iskerliginde predmetler menen oynaw protsessinde juzege keledi. Bul hárekettegi oylaw bolıp, ol bala iskerliginiń barlıq turlerinde, sonıń menen birge ápiwayı oqıw iskerliginde juzege keledi hám olarǵa xızmet etedi. Balanıń aqılıy rawajlanıwınd oylaw kórgizbeli-ámeliy formasınıń áhmiyeti judá ulken, sebebi ol oylawdıń basqa, quramalı formalarınıń qáliplesiwinde baslawısh punkt xızmetin óteydi. Oylawdıń usı formasın qáliplestiriwde jol qoyılǵan hár qanday qáteler balanı aqılıy rawajlandırıwdıń keyingi barlıq basqıshlarında unamsız tásir kórsetedi. Bunı tárbiyashı biliwi zarur. Olar kórgizbeli-ámeliy oylaw negizinde jańa, quramalı forma-kórgizbeli-obrazlı oylawdıń payda b`olıwı ushın tiykar jaratılıhın biliwleri kerek. Bul forma bala bir qatar wazıypalardı sheshiw obrazlar menen islew rejesinde-yaq, konkret predmetlerdiń qatnasıwısız, olar menen ámeliy háreketler etpesten hám ámelge asıra aladı. Kórgizbeli-obrazlı oylawdıń imkaniyatları judá ulken hám onı hár dayım rawajlandırıp barıw zarur. Oylawdıń bul formasınıń juzege keliwi hám jetilisiwi oylawdıń kórgizbeli-ámeliy hám tusinikli formaları ortasındaǵı baylanıstırıwshı moment esaplanadı.

Tárbiyashılar kóbinese oylawdıń baslawısh eki formasın rawajlandırıwǵa jeterli itibar bermey, mektepke shekemgi jastaǵı balalarda oylawdıń tusinikli formasın rawajlandırıwǵa umtıladı. Bul mektepke shekemgi jastaǵı balalrdıń aqılıy

hám ulıwma psixikalıq rawajlanıwlarına unamsız tásir kórsetiwshi qáte. A.V.Zaparojets, N.N. Podd`yakov izertlewleri oylawdıń tusinikli forması oylawdıń kórgizbeli-ámeliy hámde kórgizbeli-obrazlı formaları jaqsı rawajlanǵanda ǵana jetiskenlikli rawajlanıwı mumkinligin kórsetedi. Oylawdıń kórgizbeli-ámeliy hám kórgizbeli-obrazlı formaları oylaw tusinikli formasınıń qurıladı. Oylaw hár bir formasınıń ishinde deydi N.N.Podd`yakov, óz basqıshları bar hám pán mektepke shekemgi jastaǵı balanıń aqılıy qábiletlerin jetiskenlikli rawajlandırıw ushın bul basqıshlardı ele anıqlaw hám uyreniw lazım.

Balalardıń shınıǵıwlarda bilim iyelewleri birden-bir maqset emes. Tárbiyashılar aldındaǵı quramalı wazıypa- iyelenip atrıǵan bilimlerden aqılıy qábiletlerin, biliw iskerligine talabın rawajlandırıw quralı sıpatında paydalanıw.

## Birinshi bap boyınsha juwmaqlaw

Birinshi bap boyınsha juwmaqlap aytqanda, mektepek shekemgi tárbiya jasindaği balalardi aqiliy tárbiyalaw balalardiń aktiv pikirlew iskerligin rawajlandiriwǵa ulkenlerdiń belgili maqset penen tásir etiwi. Ol balalarǵa aynala-átiraptaği álem haqqinda bilimler beriwdi, olardi sistemalastiriwdi, balalarda biliwge qiziğiwshiliq oyatiwdi, aqiliy uqip hám kónlikpelerdi payda etiwdi, biliw qábiletlerin rawajlandiriwdi óz ishine aladi.

Mektepke shekemgi tárbiya jasindaği balalarǵa aqiliy tárbiya beriwdi duris shólkemlestiriw ushin olardiń aqiliy rawajlaniw nizamliliqlarin hám imkaniyatlarin biliw kerek. Aqiliy tárbiyaniń waziypasi oniń mazmuni, metodi hám shólkemlestiriliwine qarap belgilenedi. Pedagogika hám psixologiya páni aqiliy tárbiya beriw waziypalarin nátiyjeli sheshiw jollarin tabiw ushin mektepke shekemgi tárbiya jasindaği balalardiń aqiliy rawajlaniw nizamliliqlari hám imkaniyatlarin uyreniw menen shuğillanadi.

Mektepke shekemgi tárbiya jasindaği balalardi aqiliy tárbiyalawdiń tiykarği waziypalari tómendegiden ibarat:

1. Balalarda tárbiya hám jámiyet haqqindaği bilimler sistemasin, ilimiy dúńyaǵa kóz-qarasin qáliplestiriw.

2. Biliwge say ruwhiy protsesslerdi rawajlandiriw: seziw, qabil etiw, este saqlaw, qiyal, oylaw, sóylew.

3. Biliwge qiziğiw hám aqiliy qábiletlerge, aqiliy miynet mádeniyatin rawajlandiriw.

4. Aqiliy uqip hám kónlikpelerdi rawajlandiriw.

Mektepke shekemgi tárbiya jasındaǵı balalardıń tiykarǵı jetiskenligi óz háreketlerin, ásirese qoldıń mayda háreketlerin, tek ǵana iri muskul hárketlerin ǵana emes, al mayda muskullar, hár bir barmaqtıń háreketin hám áste-aqırın basqara biliwi.

# II BAP. BALALARDIŃ BİLİW İSKERLİGİN RAWAJLANDIRIWDA DIDAKTIKALIQ OYINLARDAN PAYDALANIWDIŃ ShARAYaTLARI

## 2.1.Balalardıń oyınına pedagogikalıq basshılıq etiw

Mektepke shekemgi jas – bul balalardıń turmısındaǵı oyın dáwiri. Bul jasta bala hár bir nárseni oyın arqalı biliwge háreket etedi. Oyın mektepke shekemgi jastaǵı balalardı mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerinde bilim alıwlarına keń imkaniyatlar ashıp beredi. Didaktikalıq oyınlarda biliw protsesi oyınlar menen tikkeley baylanısıp ketedi. Oyın arqalı, sonday-aq didaktikalıq oyın oynaw arqalı bala tikkeley bilim alıwǵa kirisedi.

Mektepke shekemgi jastaǵı balalarga tálim beriwde oyınlardan paydalanıw máseleleri boyınsha kóplegen pedagog hám psixolog alımlar ilimiy izertlewler alıp barǵan hám házirgi kúnde hám ilimiy izleniwler alıp barılmaqta.

Oyın oynaw protsesinde balalardıń túsinikleri hám bilimleri jánede keńeyedi, bala sanasında qáliplesken túsinikler anıqlastırıladı.

Oyında ol yamasa bul roldi orınlaw ushın balada birinshi gezekte oyın háreketlerin ámelge asırıw haqqındaǵı dáslepki túsinikler qáliplesedi.

Oyın tek ǵana balada káliplesken bilim hám túsiniklerdi bekkemlep qoymay, al balanıń belsendi biliw protsesiniń ózine say forması sıpatında payda boladı. Oyın protsesinde bala tárbiyashı basshılıǵında jańa bilimlerge iye boladı, bul bolsa óz gezeginde balanıń mektepke tayarlaw protsesine negiz wazıypasın orınlaydı.

Didaktikalıq oyınlar mazmunı, shólkemlestiriw forması, bilimlendiriw wazıypalarına kóre hár túrli boladı.

Oyın – mektepke shekemgi jastaǵı balalarǵa tálim-tárbiya beriwde úlkenler tárepinen qollanılatuǵın iskerliklerden biri. Oyın arqalı bala shaxs sıpatında rawajlanadı, keyingi oqıwı, miynet etiwi, kommunikativ iskerligi menen baylanıslı bolǵan ruhıy sezimleri qáliplesedi, sebebi mektepke shekemgi jastaǵı balalardıń tiykarǵı iskerligin oyın shólkemlestiredi, oyın bala tálim – tárbiyasınıń tiykarǵı quralı.

Mektepke shekemgi jastaǵı balalarǵa tálim-tárbiya beriwde didaktikalıq

oyınlardan paydalanıw kóp pedagog alımlardıń ilimiy-izertlew jumıslarında keń ashıp berilgen. Bul ilimiy izertlewdiń hár birinde balalarǵa tálim hám tárbiya beriwde didaktikalıq oyınlardan paydalanıwǵa ayrıqsha áhmiyet berip ótilgen. Mariya Montessori hám bala tárbiyasında oyınnıń áhmiyetine úlken itibar qaratqan. Mariya Montessori pikirinshe, oyın bilim beriwshi wazıypanı atqarıw kerek.

Alım N.P.Anikeeva didaktikalıq oyınlarǵa jańasha jantasqan. Onıń pikirinshe didaktikalıq oyınlar balalar menen alıp barılatuǵın tálim – tárbiyanıń tiykarǵı komponentlerinen biri. Didaktikalıq oyınlardıń nátiyjeliligi birinshi náwbette olardıń balanıń qızıǵıwshılıqlarına sáykes keliwi, balaǵa quwanısh baǵıshlawı, bul oyınlarda bala ózin erkin tutıw, óziniń belsendiligin kórsetiw imkaniyatın beriwi lazımlıǵın ańlatadı[11].

Didaktikalıq oyın – balanı aqılıy tárepten tárbiyalawdıń zárur quralı esaplanadı. Bilim beriwshi oyınlar balalarda ruwhıy biliw protseslerin, pikirlew qábiletlerin qáliplestiredi. Didaktikalıq oyınlardıń zárur tárepi balalardıń pikirlew belsendiligin, óz betinsheligin hám sóylewin rawajlandırıwdan ibarat.

Máselen, balalarda dáslepki matematikalıq túsiniklerdi qáliplestiriwge baǵdarlanǵan didaktikalıq oyınlar balalarda logikalıq pikirlewdi rawajlandırıwǵa qaratılǵan bolıp, bul oyınlar járdeminde bala predmetlerdi bir-biri menen salıstırıw, olardı belgileri boyınsha toparlastırıwǵa hám onsha qıyın bolmaǵan mısallardı sheshiwge úyrenedi.

Didaktikalıq oyınlar mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerinde tálim hám tárbiya quralı sıpatında keń qollanıladı. Didaktikalıq oyın tálim menen tikkeley baylanıslı bolıp, oǵan járdem beredi.

Didaktikalıq oyın – bul mektepke shekemgi jastagı balalardıń jas hám imkaniyatlarına sáykes keletugın tálim beriw metodı.

Didaktikalıq oyınlar balalardıń birgelikte oynap, óz máplerin jámáát mápleri menen baylanıstıra alıwı, bir-birine kómeklesiw sezimleri payda boladı.

Loto, domino sıyaqlı kóplegen oyınlardan óz betinshe paydalanıladı hám bul

[11] F.R.Qodirova va boshq. Maktabgacha pedagogika. T.-2019y.-340 b

oyınlar shólkemlestiriwshilik qábiletin óstiriwge unamlı tásir kórsetedi.

Didaktikalıq oyın balalardıń ámeliy ikerligi esaplanadı, sebebi onda balalar shınıǵıwlarda alǵan bilimlerden paydalanıladı. Usı kóz qarastan qaraǵanda, didaktikalıq oyın balalardıń aqılıy iskerligin kúsheytiredi, alǵan bilimlerinen hár qıylı usılda paydalanıwları ushın turmıslıq sharayat jaratıp beredi.

Bunday oyınlarǵa úlken topar balaları ushın «Diyqanlar nelerdi jetistiredi», «Jumısshılar nelerdi hám qanday islerdi orınlaydı», «Kim kóbirek zatlardıń atların ayta aladı» hám basqa oyınlardı kórsetiw múmkin.

Didaktikalıq oyınlar balalardıń aynala-átirap haqqındaǵı bilimlerin bekkemlewge járdem beredi, óziniń jeke tájiriybeleri hám shınıgıwlarda alǵan bilimlerin ámelde qollay biliwge úyretedi, olardagı pikirlew qábiletlerin, dóretiwshilik kushlerin, sensor protsesti rawajlandıradı, alǵan bilimlerin tártipke saladı.

Didaktikalıq oyınlar tálim protsesin jeńilrek hám qızıqlı etedi. Balalar jaslarına sáykes, qızıqlı iskerlik arqalı oyında ámelge asırılatuǵın aqılıy tárbiya wazıypasın júdá ańsat hám jaqsı ózlestiredi.

Didaktikalıq oyın úlkenler tárepinen balalardı aqılıy rawajlandırıw maqsetinde jaratıladı. Onda oyın elementleri qansha kóp bolsa, balalarǵa ol sonshelli kóp quwanısh baǵıshlaydı.

Oyın ideyası balalarda oyınǵa qızıǵıwshılıq oyatadı, kóbinese bul ideya didaktikalıq oyındı baslawǵa sebepshi boladı. Máselen, «Qaltashada ne bar?» yamasa «»Kim qanday qıshqıradı?» hám t.b.

Hár bir didaktikalıq oyında oyın mazmunı, ideyasınan kelip shıqqan qaǵıydalar boladı. Qaǵıydalar oyın háreketleriniń durıslıgın anıqlawshı hám olarǵa baha beriwshi kriteriyalar esaplanadı. Balalardıń oyın qaǵıydaların úyrenip alıwları hám olarǵa ámel etiwleri, olarda ǵárezsizlikti, oyın protsesinde óz-ózin, óz-ara bir-birlerin qadaǵalaw qábiletin tárbiyalawǵa járdem beredi.

Oyınnıń nátiyjesin eki kóz-qarastan: balalar hám tárbiyashı kóz qarasınan bahalaw lazım.

Eger oyın nátiyjesin balalar kóz qarasınan bahalaǵanda, onda bul oyınnan

balalar qanday ruwhıy hám ádep-ikramlılıq azıq alǵanlıǵın esapqa alıw lazım. Didaktikalıq wazıypalardı orınlaw balalardan belgili dárejede aqılıy iskerlik talabın kúsheytiredi.

Didaktikalıq oyınnıń nátiyjesin dodalaǵanda tárbiyashı tómendegilerge itibar beriwi lazım: qoyılǵan maqsetke erisildime, belgilengen háreket orınlandıma, usı kózlengen qoz qarastan belgili nátiyjelerge erisildime yamasa erisilmedime.

Joqarıda keltirilgen eki wazıypa hám jaqsı orınlansa, yaǵnıy bir tárepten, balalarda qızıǵıwshılıq oyata alsa hám olar iskerligin ámelge asırıwǵa umtılsa, ekinshi tárepten, qoyılǵan hámme maqset, wazıypaǵa erisilse, bunday oyın jaqsı nátiyje beredi, dep esaplaw múmkin.

Oyın qatnasıwshıların xoshametlew, maqtaw, jaqsı qatnasqanları ushın olarǵa jetekshi roldi beriw, geyde usı oyında paydalanılǵan quwırshaqtı oynawǵa beriw yamasa miyewlerdi jewge beriw múmkin, biraq balalar bunday sıylıqlardı alaman dep hár qanday jol menen usı iske umtılıwlarına jol qoymaw kerek.

Oyın háreketleri balalar tárepinen orınlanadı. Oyın háreketleri hár qıylı jumıslarda: zatlardıń ornın almastırıw, jıynastırıw, olardıń reńine, úlken-kishiligine, formasına qarap bir-birinen ajratıw, kritikalıq háreketler hám t.b. payda boladı. Úlken balalardıń oyın háreketleri quramalı: bul oyın háreketleri bir topar balaları hárketi menen basqa topar balaları hárketi ortasında óz-ara baylanıs bolıwın, háreketlerdiń izbe-izlik hám gezegi menen ámelge asırılıwı talap etiledi.

Oyın nátiyjesi didaktikalıq oyınnıń belgili nátiyjesi boladı, nátiyjesi bolsa oyınnıń finalı esaplanadı. Máselen, jumbaqlardı tabıw, berilgen oyın tapsırmaların orınlaw sıyaqlı oyın nátiyjesi bolıp, olardı balalar erisilgen jetiskenligi dep túsinedi.

Tárbiya ushın oyın nátiyjesi hár dayım balalardıń bilim iyelewinde, aqılıy iskerliginde, óz-ara múnásiybetlerde erisken jetiskenlikleriniń kórsetkishi esaplanadı.

Didaktikalıq oyın tárbiyashınıń balalar menen hám balalardıń bir-birewleri menen óz-ara múnásiybetleri oyın tárizinde boladı. Tárbiyashı oyın qatnasıwshısı yamasa onıń shólkemlestiriwshisi boladı. Balalar kóbinese oyın mazmunı menen

belgilenetuǵın hám oyın hárketleri talab etetuǵın roldi orınlaydı. Máselen, «Dúkán-dúkán» oyınında biliw mazmunı sonnan ibarat, satıp alıwshı balalar ózleri satıp alatuǵın zatlardıń belgilerin aytıwları, satıwshı balalar bolsa talap etilgen zatlardıń ne ekenligin, aytılǵan belgiler boyınsha bilip alıwları kerek. Oyın háreketlerin baqlawdan, zatlardı hár tárepleme kórip shıǵıw, onı suwretlew hám basqa zatlar menen salıstırıwdan ibarat.

Didaktikalıq oyın ámeliy iskerlik bolıp, onda balalar shınıǵıwlarda alǵan bilimlerinen paydalanıladı. Bul tárepten didaktikalıq oyınnıń áhmiyeti sonnan ibarat, ol alǵan bilimlerin hár túrli qollanıw ushın, aqılıy iskerligin kúsheytiriw ushın turmıslıq sharayat jaratadı. Bunday balalar jol qoyǵan qáteler hám olar nelerden qıynalıp atırǵanlıǵın belgili boladı. Tárbiyashı bul qátelerdi dúzetiw hám qıyınshılıqlardı jeńiwde balalarga járdem beredi.

Kóbinese didaktikalıq oyınlar balalardıń bilimine jańa bilimler qosılmaydı, biraq olardı óz bilimlerin jańa sharayatta islete biliwge úyretedi yaki olar balalardan aqılıy iskerligin hár túrli formalarda bolıwı talap etiledi. Máselen, «Ájayıp qaltasha» oyınında balalar ózlerine tanıs bolǵan oyınshıqlardı oynaydı, biraq bul oyında balalarǵa oyınshıqtı suwretlep beriw wazıypası júklenedi, bunıń ushın bolsa oyınshıqtı bastan-ayaq kózden keshiriw hám onıń ózine say belgilerin eslep qalıwı kerek boladı.

Didaktikalıq oyın protsesinde hár túrli aqılıy protsesler aktivlesedi hám qálegen túske enedi. Oyın ideyasın túsiniw hám oǵın ámel etiw, oyın háreketleri hám oyın qaǵıydaların ózlestiriw ushın tárbiyashınıń sózlerin jaqsılap tıńlaw hám túsinip alıw zárur. Oyındaǵı wazıypalar dıqqattı bir jerge toplawǵa, zatlardı parıqlaw, salıstırıw, ulıwmalastırıw protsesleriniń aktivligin talap etedi.

Didaktikalıq oyın geybir balalardıń aqılıy iskerligindegi hár túrli qıyınshılıqlardı jeńiwdiń zárur quralı bolıp tabıladı.

Jeke tártiptegi didaktikalıq oyındı shólkemlestiriw menen tárbiyashı ayrıqsha múnásiybetler ushın qolay sharayat jaratadı, aqılıy iskerlikte arqada qalıwdıń sebeplerin anıqlaydı, kóp shınıqtırıw menen bunday balalardıń ósiw dárejesin asıradı.

Didaktikalıq oyınnıń mazmunı «Dáslepki qádem»[12] baǵdarlamasında bayan etilgen hám tómendegilerdi óz ishine aladı:

A) buyımlar, olardıń atı, reńi, forması, kólemi, sıpatı hám isletiliwi haqqında bilimler beriw;

B) miynettiń hár qıylı túrleri hám onıń insanlar turmısındaǵı roli haqqındaǵı bilimler;

V) tábiyat waqıyaları, zatlar, buyımlar, jıl máwsimleri haqqındaǵı bilimler;

G) dáslepki matematikalıq túsinikler: san, sanaw, úlkenlik, forma, waqıt hám keńislik túsiniklerin beriw.

Didaktikalıq oyınlar, olardıń tálim-tárbiyalıq wazıypası, mazmunı, túrleri baǵdarlama hár bir jas topar boyınsha ajıratıp berilgen. Baǵdarlamada hár bir jas topardıń ózine say ruwhıy fiziologiyalıq ózgesheliklerin itibarǵa alǵan halda didaktikalıq oyınlardıń tutqan ornı hám wazıypası, mazmunı, ótkeriw metodikaları belgilep berilgen.

Úlken toparda didaktikalıq oyınlar tómendegi wazıypalardı sheshiwdi maqset etip qoyadı: baqlawshılıq, zatlardı teksere biliw, bir-birine salıstırıw, olardıń belgilerindegi kishi parıqlardı (reńi, forması, úlken-kishiligi, materialın seze biliw, zatlardıń jaylasıwındaǵı ózgerisler) aytıp bere alıw sıyaqlı sensor qábiletlerin tárbiyalaw: bir haywan, ósimlik, transport táriyplep berilgende, olardıń atların taba alıw uqıplılıǵın óstiriw, balalardıń ulıwma túsiniklerin, buyımlardı ulıwma belgilerine qarap toparlarǵa bóliw qábiletin rawajlandırıw, sóz baylıǵın aktivlestiriw hám toltırıw; bóleklerden bir pútin zatlar jasaw uqıplılıǵın óstiriw.

Muzıkalı didaktikalıq oyınlar arqalı seslerdi bir-birinen parıqlawǵa uyretiw, ritmikalıq usıldı ajrata alıw, qosıqlar hám muzıkalı ásbaplar dawsınıń tembirin parıqetiw («Kim qosıq aytıp atır?»), dawıstıń dinamikasın ajırata alıw («Tez, ásten qosıq aytamız») ushın paydalanıw sıyaqlı wazıypalar ámelge asırıladı.

**Didaktikalıq oyınlardı tómendegi túrlderge bóliw múmkin**:

1. Zat hám oyınshıqlar menen oynalatuǵın oyınlar

2. Stol ústine qoyıp oynalatuǵın oyınlar

[12] «Илк қадам». Oquv dasturi. Toshkent.- 2018 y.

3. Awız-eki didaktikalıq oyınlar.

Didaktikalıq oyında balalar hár dayım ózlerin oynap atırǵanday seziwi kerek.

***Zatlar menen ótkeriletuǵın didaktikalıq oyınlardan*** tárbiyashı balalardı zatlar, olardıń ózgeshelikleri hám bir-birlerinen parıq etetuǵın belgileri menen, olardı uslatıw usılları menen tanıstırıw quralı sıpatında paydalanadı.

Balalardıń zatlar, olardıń sıpatı haqqındaǵı bilimlerin bekkemlew ushın hár qıylı oyınshıqlar, suwretler, xojalıq buyımlardan paydalanıladı.

«Qaltashada ne bar?» oyınınıń maqseti oyınshıqlardıń atları menen tanıstırıw hám bul oyınshıqlar haqqındaǵı bilimlerdi bekkemlew, seslerdiń aytılıwın shınıqtırıw. «Bul ne?» oyınında balalar kuwırshaqqa hár qıylı zatlar hám olardı isletiliwi haqqında aytıp beredi. Bunday oyın toparda, baqsha maydanshasında, uyqılaw xanasında ótkeriliwi múmkin.

Didaktikalıq oyınlarda tárbiyashı balalardı tek ǵana zatlardıń atı há olar nege kerekligi menen tanıstırıp ǵana qalmay, al usı zatlardıń forması, reńi, úlken-kishiligi, keńislikte tutqan ornı menen hám tanıstıradı.

Hár bir buyım hám oyınshıq óziniń anıq sırtqı kórniske iye bolıw kerek, oyında bolsa qoyılǵan maqset zatlardıń tiykarǵı belgisin ajırata biliwge imkaniyat tuwdırıwı lazım.

Bunday talapqa xalıq oyınshıqları óz formasınıń anıqlıǵı, reńiniń tınıqlıgı menen kóbirek juwap bere aladı.

Balalardı oylawǵa, aqılıy wazıypalardı orınlawǵa úndeytuǵın oyınlar hám úlken áhmiyetke iye.

Balalardıń reń haqqındaǵı túsiniklerin bekkemlew hám anıqlaw ushın tómendegi oyınlar ótkeriledi: sharlardı reńine qarap toplaw, «Domalaqtı domalatıw», «Usı reńdegi domalaqtı domalat», «Kim mine usı reńdegi qaltanı taba aladı?» hám t.b.

Forma, reń predmettiń tiykarǵı belgilerinen. Forma haqqındagı túsiniklerdi «Qaltashada ne bar?», «Ne ózgerdi?», «Oyınshıqlar dukanı», «Quwırshaqtı kiyindiremiz», «Bul ne?» hám t.b. oyınlar arqalı anıqlaw hám bekkemlew múmkin.

Quwırshaq – balalardıń eń súyikli oyınshıqlarınan biri. Hár bir mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemesinde didaktikalıq úskenelengen quwırshaq bolıwı kerek. Quwırshaq úskenelerine kiyim, ishki kiyim, ayaq kiyim, ıdıs-tabaq, mebel, oyınshıqlar kiredi.

Quwırshaq penen tómendegi oyınlardı ótkeriw múmkin: «Quwırshaqtı kiyindiremiz», «Quwırshaqtı seyilge alıp shıǵamız», «Quwırshaqtı miyman etemiz», «Quwırshaqlar bayramı», «Quwırshaqtın tuwılǵan kúni», «Quwırshaqtı uyqılatamız».

Oyınlar jumbaqlar menen qosıp alıp barılǵanda qızıqlı ótedi. Máselen, «Quwırshaqtı uyqılatamız» oyınında quwırshaqqa kát tayarlap atırǵanda tárbiyashı «Uzın, jumsaq, jol-jol» (matrats), «Aq, taza, tórtmúyesh» (kópshik), «Paxtalı, ıssı» yamasa «junli, ıssı» (kórpe) hám t.b. jumbaqlardı aytıw múmkin. Quwırshaqtın káti tayar bolǵannan keyin quwırshaqtı jatqarıp «álle» aytadı.

Mebellerdiń nege isletiliwin, oyınshıqlardıń atın bekkemlew ushın «Quwırshaqqa xananı bezeymiz», «Quwırshaqka oyınshıq sawǵa etemiz» sıyaqlı oyınlardı ótkeriw múmkin.

Tárbiyashı balalardı zatlar, olardıń atları, belgi, sıpatları, nege isletiliwi menen tanıstırıp ǵana qalmay, belgili predmetler arqalı olardı ápiwayı túrlerge ajıratıwúyretip baradı: ayıw, quwırshaq, qoyan-oyınshıqlar, kastryulya, tarelka, chaynik –ıdıs-tabaq.

Oyınlardı zat hám buyımlardı suwretlewshi suwretler arqalı hám ótkeriw múmkin. Bularga «Bul zat ózi haqqında ne aytadı?», «Kim birinshi bolıp aytıp beredi?», «Kim biledi?» sıyaqlı oyınlardı kórsetse boladı.

Balalardıń tábiyat xaqqındagı bilimlerin bekkemlew ushın «İyisine qarap taw», «Mazasına qarap taw», «Uslap kórip taw?» «Kim neni esitip atır?» sıyaqlı oyınlardı ótkeriw maqsetke muwapıq.

Úlken toparlarda didaktikalıq oyınlar óziniń mazmunı hám ideyası tárepinen bir qansha quramalı. Bul jastaǵı balalar menen zat hám suwretler menen ǵana didaktikalıq oyınlar ótkerip qalmay, al sózli didaktikalıq oyınlar hám ótkeriledi. Zatlar hám suwretler menen ótkeriletuǵın didaktikalıq oyınlarda balalardıń

zatlardıń sıpatı, ózgesheligi, neden jasalǵanı, qaerde ilengeni, ne ushın kerekligi hám t.b. haqqındaǵı bilimi anıqlanadı hámde bekkemlenedi. Bunday oyınlarǵa tómendegilerdi mısal etip keltiriw múmkin: «Zatlar neden jasalǵan?», «Topar xanasına sayahat», «Dawısına qarap taw» hám t.b.

Ulıwmalastırıwǵa úyretiw boyınsha túrlerge ajıratıwúyretiwshi oyınlar úlken orın iyeleydi. «Qaysı fabrikada qanday isler orınlanadı», «Fabrikada ne islenede, dalada ne jetilistiriledi?», «Kimge ne kerek?», «Kim ne menen isleydi?», «Qaerde ósedi?», «Sayahat», «Pochta» hám t.b.

Balalardaǵı dáslepki matematikalıq túsiniklerin rawajlandırıwshı didaktikalıq oyınlar hám ótkeriledi. Máselen, «Kim sanawdı biledi?», «Juremiz, juremiz-toqtaymız!», «Bizlerdiń kún», «Jıl máwsimleri» hám t.b.

Balalardıń sóylewin rawajlandırıw ushın tómendegi oyınlardı ótkeriw mumkin: «Sóz qos», «Orkestr», «Mına seske sóz taw», «Mına sózlerden gap dúz», «Sózlerden gúrriń dúz» hám t.b.

Didaktikalıq oyınlarǵa tárbiyashı basshılıq etiwi lazım. Birinshi gezekte didaktikalıq oyındı hám oǵan  kerekli materialdı tańlaw kerek. Hámme toparlar didaktikalıq úskenelerge, boyı 40-50 sm keletuǵın quwırshaqqa iye bolıwı lazım.

Quwırshaqtan tısqarı hár qıylı  haywanlar, kuslar, ıdıs-tabaqlar hám transportı sáwlelendiriwshi oyınshıqlar hám bolıwı kerek.

Didaktikalıq oyınlarda tábiyat materialları hám ápiwayı zatlar hám qollanıladı. Didaktikalıq oyınlarǵa arnawlı orın  ajıratılıwı hám balalar kún tártibinen belgili orın  alıwı kerek. Didaktikalıq oyınlardı shınıǵıw menen  baylanıstırıp alıp barıwdı jaqsılap oylap  ámelge asırıw lazım.

Bul oyınlar shınıǵıw hám oyın saatlarında ótkeriledi. Olardı pútin topar balaları menen, kishi topar hám ayırım balalar menen hám ótkeriw múmkin.

Oyınnıń mazmunı hám onnan kelip shıǵatuǵın nátiyje aldınnan jaqsılap, anıq oylap alınadı. Oyınnıń ideyası oyın háreketleri, qaǵıydası hám oyınnıń barısı soǵan baylanıslı. Máselen, «Kim qanday  qıshqıradı?» oyınında hár qıylı wazıypa qoyılıwı múmkin:

1) balalardıń haywanlar seslerin biliw-bilmesligin anıqlaw alıw;

2) haywanlar haqqında tusinik beriw;

3) balalar haywanlardı sestinen tanıy aladıma-yaki tanıy almaydıma biliw.

Bul oyınnan balalarǵa seslerdi aytıwdı shınıqtırıw maqsetinde hám paydalanıw múmkin.

Hár bir wazıypa oyınǵa óziniń jaqsı ideyasın sińdiredi.

Balalardı oyın qaǵıydası menen tanıstırıw zárúr. Kishi jastaǵı balalarǵa oyınnıń hámme qaǵıydası aldınnan aytılmaydı. Oyın dawamında tárbiyashı qaǵıydanı hárketler menen baylanıstırıp alıp baradı. Bunıń ushın ol qaǵıydanı qanday tártipte túsindirip beriwdi aldınnan oylap qoyǵan bolıwı kerek.

Oyınnıń qaǵıydası onıń tiykarǵı mazmunın anıq ashıp beretuǵın bolıwı kerek.

Úlken balalar oyınlarında bolsa oyın qatnasıwshılarına hár qıylı qaǵıyda beriliwi múmkin. Jumbaq aytatuǵınlar ushın bir qaǵıyda, tawatuǵınlar ushın basqa qaǵıyda; quwatuǵınlar ushın bir qaǵıyda, qashatuǵınlar ushın basqa qaǵıyda hám t.b. Bul qaǵıydalardıń hámmesi birgelikte balalardıń oyındaǵı ádep-ikramlılıǵın tártipke salıp turadı.

Didaktikalıq oyınlarda májbúriy qaǵıydalar júdá kóp ushraydı: náwbet penen háreket etiw, tek ǵana soraǵanda juwap beriw, dostısına qulaq salıw, oynaǵanda basqalarǵa kesent bermew, qaǵıydanı orınlaw hám t.b.

Didaktikalıq oyınlarda balalardıń ózine say ózgeshelikleri itibarǵa alınadı. Bir balalarǵa qıyın jumbaq aytılsa, basqasına jeńil, ańsatı aytıladı; jaman sóyleytuǵın balalar kóbirek sóylewge tartıladı. Bunıń ushın oyındı ótkeriwden aldın hámme balalardı jaqsılap eslep, hár biriniń imkaniyatı, háreketlerine qarap jumbaq beriledi, geybir belsendi balalarǵa basqalardıń qızıǵıwshılıǵın páseytirmeytuǵın rol beriledi.

Úlken toparda bilim beriw didaktikalıq oyınlar menen baylanıslı halda alıp barıladı, biraq bul jasta balalarǵa shınıǵıwlar arqalı bilim beriw zárur orın tutadı, sebebi, olar oqıw iskerliginiń eń ápiwayı formaların, hár dayım bilimlerdi shınıǵıwlarda iyelep aladı.

Didaktikalıq oyınlarda tárbiyashınıń sózi, kórgizbelilik, balalardıń oyınshıqlar, buyımlar, suwretler menen bolatuǵın háreketi menen qosıp alıp barılıwı lazım.

***Kórgizbelilikke tómendegiler kiredi***: 1) oyın tiykarın shólkemlestiriwshi buyımları; 2) buyımlardıń tiykarǵı belgileri, ózgesheliklerin sáwlelendiriwshi suwretler; 3) oyın qaǵıydası , hárketin orınlap kórsetiw.

Domino, loto, temalı suwretler, jup suwretler jaratılǵan. Tárbiyashınıń oyın hárketin kórsetip beriwi, xoshametlewshi qadaǵalaw belgiler, jetonlar hám kórgizbe qurallar esaplanadı hám balalar oyındı shólkemlestiriw hám oǵan basshılıq etiwde qollanıladı.

Sóz benen túsindiriw arqalı tárbiyashı balalar dıqqatın tartadı, túsiniklerin anıqlaydı, tájiriybesin keneytiredi. Tárbiyashınıń sózi balalar sózligin bayıtadı, tálimniń hár kıylı formaların iyelewge imkaniyat tuwdıradı, oyın háreketlerin quramalastırıwǵa jardem bredi. Tárbiyashı balalardıń kemshiliklerin dúzetiw maqsetinde pikir bildire bermewi lazım. Bunday tusindiriw balalar oyınǵa degen qızıǵıwshılıqtı páseytiredi.

Tárbiyashı balalardıń oyınına hár kıylı qurallar menen basshılıq etedi. Máselen, oyında balalar menen birgelikte qatnasıp, olarga bildirmesten oyındı kerekli tárepke baǵdarlaydı; 2) balalardıń baslamaların quwatlap turadı; 3) oyın jetiskenliginen olar menen birgelikte quwanadı. Ol oyında qatnaspawı xam mumkin. Biraq tájiriybeli pedagog bunı balalarǵa sezdirmey tikkeley ámelge asıradı, balalardıń oyın waqtındaǵı hárketin qollap-quwatlaydı.

Tárbiyashı balalardıń oyınına basshılıq etkende onı shólkemlestiriwdiń hár kıylı formalarınan paydalanadı. Eger oyın óz mazmunı hám dúzilisine kóre, tárbiyashınıń balalar menen jaqın múnásiybette bolıwın kórsetse, onda tárbiyashı balalardı yarım sheńber formasında otırǵızıp, ózi ortada otıradı. Geyde balalar stol átirapında hám otırıwları múmkin. Didaktikalıq oyındı balalardıń bergen sorawları, usınısları hám baslamalarına qarap, oyın protsesinde kútilmegende keńeytiw, onıń mazmunın bayıtıw múmkin. Oyındı belgilegen waqıtta baslaw hám toqtatıw úlken sheberlik.

Oyındı tárbiyashı balalarda oyınǵa qızıǵıwshılıq oyatqan halda juwmaqlaw kerek, yaǵnıy balalar usı oyındı jáne dawam ettiriwin qálep qalıw kerek. Tárbiyashı mınanday deydi: «Kelesi sapar bunnan hám jaqsıraq oynaymız»,

yamasa «Jańa oyın bunnan hám qızıqlı boladı». Tárbiyashı oyınnıń jańa variantların islep shıǵadı.Didaktikalıq oyınlar topar xanasında, maydanshada, dalada hám basqa jerlerde ótkeriliwi mumkin. Bul oyınnıń tásirsheńligi, tásir etiwdiń hár qıylıǵı balalardıń belsendiligin arttıradı.

Solay etip, didaktikalıq oyın mektepke shekemgi tárbiya jasındaǵı balalarǵa tálim beriw quralı bolıp, onı jetiskenlikli ámelge asırıwǵa járdem beredi.

## 2.2. Balalardiń biliw iskerligin rawajlandiriwda didaktikaliq oyinlardi ótkeriw ózgeshelikleri

Mektepke shekemgi jastaǵı balalar júdá oyınǵa qızıǵıwshań boladı. Sonıń ushın úyde yamasa baqshada olar menen oyınlar oynawǵa, shınıǵıwlar ótkeriwge tuwrı keledi. Sebebi oyın olardıń kóriw, esitiw hám qabıl etiwshiligin ósiredi, predmetlerdiń forması, úlken-kishiligi, reńin ajırata biliw qábiletin hám rawajlandıradı. Oyınlar tek ǵana predmettiń forması yamasa renin ajıratıwǵa emes, al joqarıda aytıp ótkenimizdey, balanıń sózi, oylawınıń rawajlanıwına hám járdem beredi.

Bul waqıtta ul balalar atasına, qızlar bolsa analarına uqsawdı júdá káleydi. Kópshilik balalar úylerindegi ata-analardıń, baqsha apalarınıń, ata-apalarınıń mashqalaların oyınǵa kóshiredi. Geyde hár bir balanıń is-háreketine qarap olardıń úyinde qanday keypiyat, óz-ara múnásiybetleriniń qanday ekenligin biymálel bilip alıw múmkin.

Geyde balalar oyınǵa qızıgıp ketip úlkenlerdiń aytqanların esitpewleri yamasa aytqanların qılmawı múmkin. Bunda balaǵa qopal múnásiybette bolıp, kewiline tiymew kerek. Sebebi balalar ınjıq, ójet bolıp qaladı. Hámme jumıslardı 5-10 minutqa qoyıp, balanıń nege juwap bermey atırǵanına, usı waqıtta balanıń ne menen bánt ekenligine hámde ne menen qızıǵıp atırǵanına ahmiyet beriw kerek. İlajı barınsha ol menen usı shınıǵıwdı dawam ettiriw kerek. Eger balanıń islep atırǵan isi nadurıs hám orınsız bolsa, oǵan bunı túsindiriwge háreket etiw kerek.

**“Sheńber” oyını -** balalar sheńber bolıp otıradı. Bunda hár bir bala sheńberdegi qalǵan balalardı kórip turıwı lazım. Tárbiyashı: “Áne endi hesh kim shette qalıp koymaǵanlıgın biliw ushın, bir-birimiz benen kózlerimiz járdeminde sálemlesip shıǵamız. Men birinshi bolıp baslayman. Men hámme menen sálemlesip bolǵanımnan soń meniń qońsım sálemlesiwdi baslaydı”. Tárbiyashı hár bir bala menen sálemlesip bolǵannan keyin, qasındaǵı balanıń iynin qaǵıp qoyadı. Keyingi qatnasıwshı sálemlesiwdi baslaydı. Oyın usı tárizde aqırına shekem dawam etedi.

**“Ayna” oyını** – tárbiyashı: “Menimshe, hár birinizdiń úyińizde ayna bar, solayma? Aynasız kóriniwimiz qanday ekenligin biliw qıyın keshedi. Eger qolıńızda ayna bolmasa ne islew kerek? Keliń, búgin sizler menen oynalar oyının oynaymız. Házir hár birińiz ózińizdiń juptınızdı tawıp, bir-birińizge qarap turıp alasız. Kim adam, kim ayna rolin atqaratuǵınlıǵın anıqlap alıń. Keyin bolsa rollerińiz benen almasasız. Ayna adamnıń hár bir háreketin anıq tákirarlaw kerek. Sebebi anıq emes háreket etiwshi aynalar bolmaydı. Tayarsız ba? Qáne bir háreket etip kóremiz! ”.

Tárbiyashı ózine sherik tawıp oyındı qanday oynaw kerekligin balalarǵa kórsetedi. Keyin balalar óz betinshe háreket ete baslaydı. Tárbiyashı bolsa balalardıń háreketlerin baqlap baradı. Qıynalıp atırǵan juplıklarǵa járdem beredi.

**“Shamal” oyını** – balalar sheńber bolıp stullarga otırıp aladı. Baslawshı: “Kiyiminde qızıl reń bolǵanlarǵa shamal esip atır”- deydi. Sonda kiyiminde qızıl reni bolǵan balalar orınlarınan turıp orınların almastırıw kerek. Áne usı paytta baslawshı ózine bos stul tawıp otırıp aladı. Stulsız qalǵan bala baslawshılıq etedi. Barlıq balalardı turǵızıp jiberiw ushın “Boran baslandı” dep aytadı.

**“Sawǵa” oyını** – tárbiyashı: “Balalar, kim sawǵa alıwdı jaqsı kóredi? Sizler neni jaqsı kóresiz? Búgin sizler menen oylap tawılǵan sawǵalar beriw hám alıw oyının oynaymız. Kóz aldınızǵa keltiriń, sizler qálegen sawǵańızdı dostıńızǵa ińam etiwińiz múmkin. Dostıńızǵa qarań, oǵan ne sawǵa etken bolar edińiz? Keliń, sheńber boylap bir-birimizge sawǵalar ińam etemiz. Sawǵa alǵan adam minnetdarshılıq aytıwdı umıtpawı kerek”. Balalar bir-birlerine sawǵa berip bolǵannan keyin, qaysı sawǵa eń unaǵanı boldı, sawǵa beriw jaǵımlıma yamasa alıwma degen sorawlar menen balalarǵa múráját etiw múmkin.

**“Ne domalaydı?”** – bul oyın balalardı zatlardıń forması menen tanıstıradı. Balalar menen quwnıq oyın-jarıs shólkemlestirip, kim óz formasın pol yamasa stolǵa ornatılǵan oyınshıq dárwazadan tezirek domalatıp ótkeredi. Domalatıw ushın shar hám kubtı usınıs etiń. Dáslep balalar ushın dárwazaǵa neni domalatıp kiritiwdiń parqı bolmaydı, biraq bir neshe urınıwdan soń ol shardı tańlaǵan adam utıp atırǵanın túsinip qaladı. Usı paytta – nege ásirese sen usı formanı, shardı

domalatpaqshısań? – dep soraw kerek. Oǵan óz is-háreketin tiykarlaw, juwmaq shıǵarıwǵa járdem beriń. “Shar domalaydı, kubik domalamaydı toqtap qaladı”. Bala itibarın kubiktaǵı ótkir qırlarına qaratıń. Shardıń tegisligin, qırlarınıń joqlıgın kórsetiń. Shar hám kub súwretin sızıp kórsetiń. Suwrette olar ápiwayı sheńber hám tórtmúyesh formasında payda boladı. Balaǵa shar hám kub suwretlerin sızıwdı usınıs etiń.

**“Pochta qutısı” –** bul qutıshanı ózińiz qoldan jasawınız múmkin. Bunıń ushın dáslep formalardı tayarlawınız kerek: kub, tsilindir (yamasa shar), ushmúyeshli prizma, tuwrı tórtmúyeshli tsilindr hám t.b. Hár bir formadan 2-3 danadan bolǵanı maqul. Soń qalıńraq karton qutıshanı alıp, qapqaǵında sizler tayarlaǵan formaǵa uqsas aynasha kesiń. Soǵan itibar beriń, kvadrat sharǵa shar sıymawı kerek, tuwrı tórtmúyeshli aynashaǵa kvadrat tuwrı kelmewi kerek.

Endi oyındı baslaymız. Bala pochta qutısına xat-formaların taslawı kerek. Formalardıń qaysısın aynashadan salıwdı aytpań. Onıń ózi izlep bir neshe bar urınıp tawǵanı jaqsı. Sizlerdiń wazıypańız bala formalardı aynashadan zorlap ótkeriwge jol qoymaw kerek. Bala hámme xat-formaların qutıshaǵa salıp bolǵannan keyin, onı xoshametlep, háreketli oyın shólkemlestiriw múmkin.

**“Quwırshaqtı kiyintiremiz” –** kishkene zatlardı úlkenligi menen tanıstırıwda túrli kólemdegi bir kıylı predmetlerdi salıstırıwdan paydalanıladı. Oǵan 2 quwırshaq (úlken hám kishi) hám eki kiyim toplamın usınıs etiń. Qaysı kiyim qaysı quwırshaqqa tiyisli ekenligin anıqlaw balaǵa inam etiledi. Quwırshaqlar suwıq bolǵanda, olardı kiyindiriw lazımlıǵın aytıń. Eger bala kiyimlerdi bólistiriwde qáte etse, zıyanı joq. Kiyimler quwıshaqqa úlken yamasa kishi kelgenin balaǵa kórsetiń. Tapsırma tuwrı orınlanǵannan keyin, balanı xoshametlep: - úlken quwırshıqqa úlken kóylek, kishi quwırshaqqa kishi kóylek kiydirdik – dep aytıń.

Eger sizlerde kerekli ólshemde quwırshaq hám kiyim bolmasa, onı basqa zatlar menen almastırıw múmkin. Karton qaǵazdan jasalǵan quwırshaqqa qaǵazdan qırqılǵan kiyim tayarlap beriw múmkin. Tapsırmanı biraz quramalastırıw ushın 3 quwıshaq hám olar ushın kiyim tayarlaw kerek.

**“Tıshqandı jasır”** – balalar zatlardıń reńine itibar beriwdi úyreniwi ushın túrli reńdegi qaǵazlardan úlken tuwrı tórtmúyeshler tayarlap, hár bir forma ortasınan aynasha qırqıw kerek. Astına tıshqan suwreti sızılǵan aq qaǵazı jabıstırıń. Tıshqan áynekten qarap turǵan boladı. Áynekten úlkenirek ólshemde tórtmúyeshli esik tayarlaw kerek. Balaǵa oyınshıq pıshıqtı kórsetip ol tıshqan tutıwǵa ketip baratırǵanın aytıw kerek. Hár bir tıshqandı jasırıw ushın áynekti usı reńdegi esik penen jabıw kerek. Sonda pıshıq áynekti kórmey qaladı. Pıshıq uyqılap atırǵanda balaǵa tıshqanlardı jasırıw imkaniyatın beriw kerek. Keyin pıshıq ańǵa shıǵarıladı. Eger bala tapsırmanı nadurıs orınlaǵan bolsa pıshıq tıshqandı alıp ketedi. Eger bul jaǵday balanı qapa etse, qátesin durıslawǵa imkaniyat beriw kerek.

Tájiriybe jumısları Nókis qalalıq 53 sanlı mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkeminiń úlken topar balaları menen ótkerildi. Tájiriybe hám qadaǵalaw toparında balalar sanı 20.

Balalardı aqılıy tárbiyalawdı qadaǵalaw toparında shınıǵıwlarda dásturiy usıllardan paydalanıldı, al tájiriybe toparında hár qıylı didaktikalıq materiallardan paydalanıldı.

Nátiyjeleri tómendegishe:

| | Oyınnıń atı | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | Sheńber | Ayna | Shamal | Quwırshaqtı kiyintiremiz | Sawǵa |
| Tájiriybe toparı | 15 | 18 | 16 | 18 | 16 |
| Kadaǵalaw toparı | 10 | 12 | 13 | 14 | 10 |

Demek, tájiriybe toparında oyın ótkeriwde qollanılǵan metodlar jaqsı nátiyje berdi.

## Ekinshi bap boyınsha juwmaqlaw

Juwmaqlap aytqanda, mektepke shekemgi jastaǵı balalarga tálim beriwde oyınlardan paydalanıw máseleleri boyınsha kóplegen pedagog hám psixolog alımlar ilimiy izertlewler alıp barǵan hám házirgi kúnde hám ilimiy izleniwler alıp barılmaqta.

Oyın oynaw protsesinde balalardıń túsinikleri hám bilimleri jánede keńeyedi, bala sanasında qáliplesken túsinikler anıqlastırıladı.Didaktikalıq oyın – balanı aqılıy tárepten tárbiyalawdıń zárur quralı esaplanadı. Bilim beriwshi oyınlar balalarda ruwhıy biliw protseslerin, pikirlew qábiletlerin qáliplestiredi. Didaktikalıq oyınlardıń zárur tárepi balalardıń pikirlew belsendiligin, óz betinsheligin hám sóylewin rawajlandırıwdan ibarat.

Didaktikalıq oyınlar mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerinde tálim hám tárbiya quralı sıpatında keń qollanıladı. Didaktikalıq oyın tálim menen tikkeley baylanıslı bolıp, oǵan járdem beredi.

Didaktikalıq oyın – bul mektepke shekemgi jastagı balalardıń jas hám imkaniyatlarına sáykes keletugın tálim beriw metodı.Didaktikalıq oyınlar balalardıń birgelikte oynap, óz máplerin jámáát mápleri menen baylanıstıra alıwı, bir-birine kómeklesiw sezimleri payda boladı. Loto, domino sıyaqlı kóplegen oyınlardan óz betinshe paydalanıladı hám bul oyınlar shólkemlestiriwshilik qábiletin óstiriwge unamlı tásir kórsetedi.

Didaktikalıq oyınlarda tábiyat materialları hám ápiwayı zatlar hám qollanıladı. Didaktikalıq oyınlarǵa arnawlı orın ajıratılıwı hám balalar kún tártibinen belgili orın alıwı kerek. Didaktikalıq oyınlardı shınıǵıw menen baylanıstırıp alıp barıwdı jaqsılap oylap ámelge asırıw lazım.

Demek, mektepke shekemgi jastaǵı balalar júdá oyınǵa qızıǵıwshań boladı. Sonıń ushın úyde yamasa baqshada olar menen oyınlar oynawǵa, shınıǵıwlar ótkeriwge tuwrı keledi. Sebebi oyın olardıń kóriw, esitiw hám qabıl etiwshiligin ósiredi, predmetlerdiń forması, úlken-kishiligi, reńin ajırata biliw qábiletin hám rawajlandıradı.

## Juwmaqlaw

Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemi tárbiyalanıwshıların tuwrı tárbiyalaw, nátiyjeli oqıtıw ushın bala rawajlanıwına tiyisli ózgerislerdi jas dáwirlerine tán qásiyetlerdi biliw hám esapqa alıw kerek. Sebebi olardıń ósiwi, ruwxıy jaqtan rawajlanıwı hár túrli jas dáwirlerinde hár qıylı boladı.

Mektepke shekemgi tálim salamat, hár tárepleme rawajlangan balalardı tárbiyalaw ushın zárur duzilisli, metodikalıq, psixologiyalıq pedagogikalıq shart sharayat jaratadı, balalardı mektepte tolıq ráwishte tálim alıwga tayarlaw, ata-analarga járdem beredi. Sonǵı jıllarda, mektepke shekemgi tálim sistemasın quramalastırıw, tálim-tárbiya mazmunınıń usılı hám metodların jańalawga ayrıqsha itibar berilmekte.

Mámleket talaplarında mektepke shekemgi jastaǵı balalarga beriletuǵın tálim-tárbiya mazmunınıń tiykarǵı baǵdarları hám de olardıń mektepke tayarlık dárejesine qoyılatuǵın minimal talaplar belgilep berilgen bolıp, ol mámleket hújjeti sıpatında aytıp ótiledi hám barlıq tálim shólkemleri ushın májbúriy bolıp esaplanadı.

Balanı tárbiyalaw hám rawajlandırıwda protsesstin jetekshilik roli haqqındaǵı qaǵıydadan kelip shıǵıp, onıń oqıw tárbiya mekemelerindegi hám shańaraqtaǵı ómirin ol protsesstin hár turlerine bay bolatuǵın etip shólkemlestiriw lazım. Bunda olarga mazmundı bayıtıwga, jańa kónlikpelerdi ózlestiriwge, óz betinsheligin rawajlandırıwǵa qaratılǵan basshılık támiynleniwi kerek.

Tárbiya hám tálimniń mazmunı, kuralları, metodları balalardıń rawajlanıw protsessi, olardıń jası menen táriyplenedi. Ámeliy hám teoriyalıq wazıypalardı sheshiwge qaratılǵan aqlıy iskerlikke say kónlikpelder wazıypalardıń negizin anıqlawga, oǵan tyisli wazıyyattı analiz etiwge, wazıypanı orınlaw ushın bul wazıyyattıń zarur táreplerin ajıratıp alıwǵa, belgili baǵdardaǵı juwmaq shıǵarıw imkanyatın beredi.

Oqıw iskerligine say kónlikpeler-bular oqıtıwshını tıńlaw hám esitkenin tusiniw, onıń kórsetpelerine qarap háreket etiw, baqlaw, qabıl etiwdi baǵdarlanǵan

zatlardı kóre alıw, turli máselelerdi sheshe alıw, sanay, oqıw, jaza alıw, tekste, wazıypalardaǵı zarur nárseni kóriw hám onı ajıratıp alıw hám tusinip jazganında, rejelerde sáwlelendire alıw.

Este saqlawdı tárbiyalawdıń birinshi shárti balanıń kundelikli ómirin durıs shólkemlestiriw zárur. Tárbiyashı balalar menen sistemalı tárizde tábiyat hám aynala-átiraptaǵı ómirdi baqlap, soń kórgen hám esitkenleri haqqında sóylep beriwdi olarǵa mirát etse, balalardıń hár birine belgili tapsırmalar berip, soń olardıń orınlanıwın tekserse, bul menen ol bala yadın shınıqtıradı.

Didaktikalıq oyınlarda hám, máselen, «Kim ne islep atır», «Kimge ne kerek», «Zat neden islengen», «Jıl máwsimleri» x.t.b temalarda hám balalardıń sóylewi hám oylawı rawajlanadı hám bilimi anıqlanadı. Úlken toparlarda arnawlı sóz oyınları shınıqtırıladı, máselen, «Teńiz tolqınlanıp atır», «Ne ózneredi» (minezleme beriw) zatlardı tur-tusi boyınsha tabıw h.t.b.

Mektepke shekemgi jastagi balalardıń hár qanday iskerligi til qatnasıwında ámelge asırıladı. Kishkenelerge tek ǵana kórsetilgen zatlar, endi úlken topardaǵılarǵa tusindiriledi: kishi topar balaları hárket, oyın arqalı suwretlen zatlardı úlken topar balaları suwretlep beredi. Egerde kishi toparda tárbiyashı balalarǵa islerindegi qáte hám kemshiliklerdi kórsetken, oyınlarına hám qurıw-jasaw islerine dúzetiw kirgizgen bolsa, altı-jeti jaslı balalardı tapsırmanı óz betinshe sheshiwge, tiykarǵı hám ekinshi dárejeli zatlardı, zárur zatlardı basqa zatlardan ajıratıw, qátelerdi kóriwge, yaǵnıy hár bir islegen isti sın menen qarawǵa úndeydi.

## Paydalanǵan ádebiyatlar dizimi


1.Mirziyoyev SH.M. Tanqidiy taxlil, qat'iy tartib intizom va shaxsiy javobgarlik-har bir rahbar faoliyatining kundalik qoidasi bo'lishi kerak. - Toshkent, O'zbekiston, 2017. - 104 b.

2. Kadrlar tayyorlash milliy dasturi. T.O'zbekiston. 1997 y

3. Ta'lim to'grisidagi Qonun. T. O'zbekiston. 2020 y.

4. Maktabgacha ta`lim va tarbiyaning davlat standarti.Vazirlar Mahkamasining 2020 yil 22 dekabr` 802-sonli qarori

5. Maktabgacha ta`lim va tarbiya to`g`risida. O`zbekiston Respublikasining Qonuni. 2019 yil 16 dekabr` №O`RQ-595

6.O`zbekiston Respublikasi Prezidentining «Maktabgacha ta`lim tizimini tubdan takomillashtirish chora-tadbirlari to`g`risida»gi Qarori3261-PQ.09.09.2017.// «Xalq so`zi»,11sentyabr` 2017yil,181-son (6845)

7. O`zbekiston Respublikasi Prezidentining «O`zbekiston Respublikasi Maktabgacha ta`lim vazirlgi faoliyatini tashkiletish to`g`risida»gi Qarori(3305-PQ, 30.09.2017)

8. O`zbekiston Respublikasi Prezidentining «Maktabgacha ta`lim tizimini boshqarishni tubdan takomillashtirish chora-tadbirlari to`g`risida»gi Farmoni (5198-PQ,30.09.2017)

9. O`zbekiston Respublikasi maktabgacha ta`lim tizimini 2030 yilgacha rivojlantirish kontseptsiyasini tasdiqlash to`g`risida.O`zbekistonRespublikasi Prezidentining Qarori(4312-PQ,08.05.2019)

10. Ilk va maktabgacha yoshdagi bolalar rivojlanishiga qo'yiladigan talablar. T. 2018

11. Ilq qadam. O'quv dasturi. T. 2018y

12. Qodirova F.R.va boshq. Maktabgacha pedagogika. T.-2019y.

13.Sh.Sodiqova. Maktabgacha pedagogika.- T.: Fan va texnologiya.- 2017 y

14. P.Yusupova. Maktabgacha tarbiya pedagogikasi. T. 1993.

15. Mavlonova R. va boshq. Pedagogika. -T. Óqituvchi, 2001.

16. A.Tóxtaev, A.Xamidov. Ekologiya. T. 1994.
17. A.K.Munavvarov. Pedagogika. - T., 1996.
18. Sh.Shodmonova. Maktabgacha talim pedagogikasi. T.2008y.
19. Nishonova.Z.T.Bolalar psixodiagnostikasi. Toshkent.1998.
20. Bola tarbiyasida boģcha va oila xomkorligi. T. 2004.
21. Ziyamuxamedova va boshq. Pedagogika. T-2001.
22. S.A.Kozlova. T.A.Kulikova. Doshkolnaya pedagogika. M -2010
23. A.Atoev. Farzandingiz barkomol bulsin.T-2000
24. O Xasanboeva va boshq. Tarbiyaviy ishlar metodikasi. T-2011.
25. www tdpu. Uz
26. www pedagog. uz
27. www Ziyonet. uz
28. www edu. Uz